Æппæт бæстæты пролетартæ, баиу ут!

РÆСТДЗИНАД

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы æмæ Министрты Советы оргæн
Орган Северо-Осетинского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров Северо-Осетинской АССР

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы

1990
АПРЕЛЬ — ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ
24
ДЫЦЦÆГ
№ 79 (17761)

Аргъ 3 кап.

ИНФОРМАЦИОН ХЪУСЫНГÆНИНАГ

СЦКП-йы ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ ОБКОМЫ ПЛЕНУМЫ ТЫХХÆЙ

1990 азы 23 апрелы уыд СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы XI пленум. Уый æркаст XXXIII облæстон партион конференцимæ СЦКП-йы обкомы дзуапп доклады тыххæй фарстамæ.

Дзуаппон доклады проект пленумы архайджытæн лæвæрд æрцыд рагъæммæ. Проектыл ныхасы архайдтой: Фидараты Хъ. Я. — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Конституцион цæстдарды комитеты сæрдар, А. П. Подгурский — Мæздæджы районы колхоз «Ленины Тырыса»-йы сæрдар, Беккуызарты В. А. — СЦКП-йы Ленины райкомы фыццаг секретарь, И. Г. Демченко — Бесланы нартхоры комбинаты слесыр, Баскаты С. А. — СЦКП-йы Æрыдоны райкомы фыццаг секретарь, Ходы Н. В. — завод «Электроцинчы» директор, Фидараты Б. Дз. — республикæйы телеуынынады æмæ радиохъусынады Паддзахадон комитеты сæрдар.

Пленумы раныхас кодта СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æ. Х.

Пленум СЦКП-йы обкомы бюройæн конференцийы æрмæджытæ цæттæ кæныны кусæг къордимæ бафæдзæхста дзуаппон докладыл ногæй бакусын, пленумы архайджытæ кæй загътой, уыцы фæндæттæ æмæ фишаинæгтæм гæсгæ.

Пленум æркаст организацион фарстатæм.

Пленум Бирæгъты Ю. Г. суæгъд кодта СЦКП-йы обкомы секретары хæстæй, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Сæрдары фыццаг хæдивæгæй æвзæрст кæй æрцыд, уымæ гæсгæ.

Пленум Къонаты Ю. И. суæгъд кодта СЦКП-йы обкомы секретары хæстæй, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Закъонæвæрынады, закъонады æмæ барадон фæткы комитеты сæрдарæй æвзæрст кæй æрцыд, уымæ гæсгæ.

Пленум Хъæстуаты Т. Х. суæгъд кодта СЦКП-йы обкомы секретары хæстæй, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Аграрон фарстаты æмæ хойраджы комитеты сæрдарæй æвзæрст кæй æрцыд, уымæ гæсгæ.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æ. Х. партийы обкомы бюройы номæй фæндон бахаста, цæмæй СЦКП-йы обкомы секретарь æмæ бюройы уæнгæй æвзæрст æрцæуа Таболты С. П. — СЦКП-йы Орджоникидзейы горкомы фыццаг секретарь. Таболты С. П. кандидатурæйы тыххæй раныхас кодтой Баскаты С. А. — СЦКП-йы Æрыдоны райкомы фыццаг секретарь, М. М. Шаталов — Орджоникидзейы адæмон депутатты горæты Советы æххæсткомы сæрдар, Цихиты М. Б. — республикон ирон драмон театры режиссер, Ходы Н. В. — завод «Электроцинчы» директор.

Пленум, сусæгæй хъæлæс кæнгæйæ, фылдæр хъæлæстæй Таболты С. П. сæвзæрста СЦКП-йы обкомы секретарæй æмæ бюройы уæнгæй.

Пленум Н. В. Притыкойы суæгъд кодта СЦКП-йы обкомы хъуыддæгтæ араз æджы хæстæй, пенсимæ кæй ацыд, уымæ гæсгæ.

Пленум Ю. Г. Кирилкины сфидар кодта СЦКП-йы обкомы хъуыддæгтæ аразæгæй, СЦКП-йы обкомы социалон-экономикон хайады сæргълæууæджы хæстæй йæ суæгъд кæнгæйæ.

Пленум В. И. Садовниковайы сфидар кодта СЦКП-йы обкомы социалон-экономикон хайады сæргълæууæгæй.

Уыил СЦКП-йы обкомы пленумы куыст ахицæн.

СЦКП-йы ЦК-йы ПОЛИТБЮРОЙЫ

СЦКП-йы ЦК-йы уæнгтимæ æмæ партион комитеттимæ уынаффæты фæстæ аразт æрцыд СЦКП-йы Центрон Комитеты къæмис партийы XXVIII съездмæ цæттæ кæныны фæндтæ.

Къамисмæ бацыдысты партийы Центрон æвзаргæ оргæнты СЦКП-йæ ССР Цæдисы адæмон депутатты къорд уæнджы, цæдисон республикæты компартийты ЦК-ты фыццаг секретартæ, стæй партийы нуæй-ну крайкомты, обкомты фыццаг секретартæ. Къамисы уæнгтæ сты партийы горкомты, райкомты, райдиан партион организацийы секретарты стыр къорд, ахуыргæндтæ — æхсæнадзонджытæ.

Нысангонд цæуы афтæ, цæмæй къамис парахатдæр кæна СЦКП-йы XVIII съезды делегатты йын куыстмæ кæнгæйæ.

Уæрæсейы Компартийы хъæппæрисджын съезд

ЛЕНИНГРАД. (СЦТА). СЦКП-йы мидæг Уæрæсейы Коммунистон парти кæй ис, уый тыххæй фехъусын кодтой, 22 апрелы Ленинграды УКП-йæн цы хъæппæрисджын съезд ахицæн, уый архайджытæ. Уыдысты дзы УСФСР-йы 40 облæстæй фылдæры, стæй Уæрæсейы авд автономон республикæйæ æмæ фондз крайы минæвæрттæ. Уазджыты хсæн уыдысты Украинæйы, Молдавийы, Литвайы, Эстонийы æрвыст лæгтæ.

УСФСР-йы Коммунистон партион организаци организацион уагæй аразт фæуыны тыххæй съезд æрæвæрдта СЦКП-йы мидæг УКП-йы съезд 1990 азы 19 июны саразыны фæндон. Йæ бацæттæ кæныны тыххæй уынаффæ хаст æрцыд съезды хъæппæрисджын съезды дыккаг къæпхæн 1990 азы 9—10 июны Ленинграды саразыны уынаффæ.

КОММУНИСТОН ЗИУ ИРЫСТОНЫ

РАЦАРÆЗТЫ ФАРНÆН

Зиу нæ фыдæлты хорз фæтк у. Мæгуырæн — хæрзаудæн, æххуысхъуагæн — æххуыс, нумæйаг хъуыддагæн — нумæйаг хъарутæ.

Абон нæ нумæйаг хъуыддаг у рацарæзт. Æмæ йын зиуы бон авджы заводы колдектив ницы бавгъау кодта. Сæ кусæн бынæтты фæллой кодтой æмæ продукци лæвæрдтой 116 адæймаджы. Сæ нысан уыд зиуы рæстæг фæллойы æнтысындзинад фæфылдæр кæнын.

Ерысы фылдæр бантыст авджын дзауматæ уадзæг фыццагæм цехы оператор Гаглойты Федырæн. Йæ нормæ сæххæст кодта 130 процентæй, пъланæй уæлæмæ йæ машинæ джиппы радзырдта мингай банкæтæ. Бирæ фæстæдæр нæ баззад æртыккæгæм цехы оператор Олег Цирюльников. Иннæ бонтæй рæвдздæр æвнæлдтой цæттæ продукцийæн асыччытæ уадзæг бригады уæнгтæ сæ сæргъы Светланæ Ткаченкоимæ.

Зиууæттæ сæ боны куысты мызд арвыстой профцæдисы облæстон советы хыгъдмæ.

ГАЙТЫ В.

Зиуы бон Орджоникидзейы цырæгъты заводы коллектив фæллой кодта фылдæр хæрзхъæд продукци рауадзыныл. Директоры хæдивæг Дмитрий Константинидиимæ æрзылдыстæм æппæт цехтыл.

Дыккæгæм цехы нуарс къуымы стъолы фарсмæ бадтысты цалдæрæй.

— Уыдон зиуы штабы уæнгтæ сты, — бафиппайдта Дмитрий. — Сахаты сахаты хсæн бахъыцыны фысы бæрæггæнæнтæ æмæ рауадзыны хъусынгæнинаг «Молния».

ЕРЫСЫ УАГЫЛ

Уыдис фараст сахаты. Уыцы рæстæгмæ къуылл фæзыди фыццаг хъусынгæнинаг: «Зиуы ерыстонты разæй цæуы 24-æм фæсномцæдисон-фæснвæдон бригады коллектив. Бригадир — Лидия Стельмах». Бригады кусæн аст адæймаджы. Уадзынц автомобилты цырæгътæ. Сахаты дæргъы сæ пъланмæ гæсгæ рауадзын хъæуы 3 мин цырагълы. Уадзæг та рæкодтой 100 цырагъы рауадзын. Фæлæ рауадздзыстæм 15 мины. Бригады уæнгтæ æппæт дæр кусынц зæрдиагæй. Фæлæ уæддæр фылдæр æнтысы æмбырдгæнджытæ Гусалты Зæлинæ æмæ Гахаты Альбинæйæн. Æххуысмæ нæм фæзындысты заводы социалон-экономикон хайады æмæ бухгалтерийы кусджытæ.

— Адæмон фæлхасады товартæй та цы уадзут? — фæрсын Дмитрийы.

Цом, фенын дын сæ кæнон, — загъта уый æмæ мæ ахуыдта дарддæр.

Фарæстæм цех. Ам æмбырд кæнынц рог автомобилты цырæгътæ пластмассæйæ къоппыты, гирляндæтæ Ногбоны зазбæлæстæ сфæлындынæн, стъолыл даргæ чысыл цырæгътæ.

Цехы мастер Æгъуызарты Эммæ нын радзырдта:

— Боны дæргъы нæ арвыстымæ æрцæттæ кæныи

Пленум Къонаты Ю. И. суæгъд кодта СЦКП-йы обкомы секретары хæстæй, Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы Закъонæвæрынады, закъонады кодта СЦКП-йы обкомы социалон-экономикон хайады сæргълæууæгæй.

Уыил СЦКП-йы обкомы пленумы куыст ахицæн.

ССР Цæдисы адæмон депутат Л. С. ШУСТКОИМÆ фембæлд

Кæндзæн тыхджындæр

Иæгъуыд къуыри хъуыддæгты фæдыл нæ республикæйы уыд Цæгат Кавказы æфсæддон округжы æфсæдтæн командæгæнæг, Терчыфале 628-æм национ-территорион æвзарæн округæй ССР Цæдисы адæмон депутат Л. Сергейы фырт Шустко. Тынг кæнæдзæн уæвгæйæ — уыдис ын бирæ фембæлдтытæ æфсæддонтимæ, партион, советон разамонджытимæ, æвзарджытимæ — præстæг ссардта Советон районы æфсæддон комиссарады республикон газетты уацхæссджытимæ ныхас кæнынæн.

— Ныры уалдзæг æнæферохгæнгæ у æппæт советон адæмæн, — загъта Л. С. Шустко. — Бæрæг кæнæм немыцаг фашисттыл не стыр Уæлахизы 45 азы. Советон Цæдисы Президенты Указмæ гæсгæ 9 майы нæ Райгуырæн бæстæйы столицæ горæт Мæскуыйы арæзт æрцæуæдзæн æфсæддон парад. Парадтæ уыдзæн ноджыдæр цæдисон республикæты сæйраг горæтты æмæ, æфсæддон округты штабтæ кæм æрбынат кодтой, уыцы горæтты. Мæскуыйы парады архайдзысты Советон Цæдисы Хъæбатыр ты, орден «Слава» -йы æртæ къæпхæны кавалерты æмæ 1945 азы Уæлахизы Парады архайджыты колоннæтæ дæр. Сырх фæзыл рацæудзæн, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæз кæуыл æрæнцад, уыцы намысджын æфсæддон техникæ...

Цæгат Кавказы æфсæддон округ дæр йæ минæвæрттыл арвыста Мæскуыйы парады архайынмæ. Уыдонимæ ис Цæгат Ирыстонæй дæр.

Не стыр Уæлахизы кад æмæ ахадындзинад никуы æрмынæг уыдзысты. Фæлæ уый уыл нæ дзуры, æмæ мах нудадзыг æмæ хъæддыхæй ма кусæм хæстон æмæ политикон цæттæдзинад бæрзонддæр кæныныл. Фæстаг præстæджы газетты фæзыныиц ахæм æрмæджытæ, кæцыты автортæ дызæрдыг кæныиц Советон Æфсады ахадындзинадыл. Ацы мæгуыр рæстæджы, дам, ыл æгæр бирæ хæрдзтæ кæнæм, Иуæй-иу регионтæ сæ фæсивæды къуылымпы кæныиц æфсады службæ кæныиимæ, зæгъæм, Литвайы. Уый зæгъæн нæй уæ республикæйы фæсивæдæй. Службæмæ кæй рарвитут, уыдонæн сæ фылдæр сты хъаруйæ, зоныидзинæдтæй, æхсарæй цæттæ. Дæлæмæ нæ уадзыиц сæ фыдæлты кад æмæ хорз æгъдæуттæ. Хæххон адæм рагæй дæр сæрыстыр æмæ хъæбатыр уыдысты, Гъе уый тыххæй сæ уæлдай фылдæр уарзыиц нæ командиртæ. Мæнæн мæхицæн бирæ ирон хæлæрттæ уыдис æмæ ис Ирыстоны. Бирæ уарзтон æмæ стыр аргъ кодтон Советон Цæдисы хъæбатыр, инæлар Дзугаты Ибрагимæн, мæ хорз æрдхорд у йæ æфсымæры лæппу Георги. Æраджы йын лæвæрд æрцыд инæлар майоры цин. Хæларæй цæрыиц нæ бинонтæ дæр.

— **Лев Сергейы фырт, Райгуырæн бæстæ хъахъхъæныи зын æмæ кадджын хæс у. Дæумæ гæсгæ, сидтоиты уыцы хæс æххæст кæныимæ цæттæ кæиыны хъуыддаджы цы саразын хъæуы?**

— Зын præстæг у ныртæккæ. Сараех сты алыхуызон æнæформалон иугæндтæ, советтæ, организацитæ. Фæсхомцæдисон архайды иуæйиу къабæзтæ цæуыиц ревизигонд. Уыцы уавæрты хъуамæ фидардæр уой фæллойадон коллективтæ, мах кæиой фæсивæды хæстон-патриотон æмæ физикон хъомылады фарстатæ. Стыр бæрнондзинад æвæрд ис астæуккаг скъолаты педагогон коллективтыл, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, республикæйы дзыллон информацийы фæрæзтыл. Уæ газеттæ иудадзыг нæ кæсын, фæлæ сæ иуæй-иуты фæзыны рубрикæ «Службæ кæныиц не 'мзæххонтæ», æмæ мын уый æхсызгон вæййы. Хъыгагæн, чысыл фыссут æфсæддонты, училищеты царды æмæ ахуыры тыххæй. Æфсæддон хъуыддæгтæ. Райгуырæн бæстæйæн службæйы хабæрттæ куыд сты, цы хъуагдзинæдтæ, цы зын дзинæдтæ æййафыиц, афтæмæй сæ æвдисын хъæуы. Фыссæн цæй тыххæй нæй, уый уын-ну командиртæ зæгъдзысты.

— **Центрон газеттæй иуæйнутæ фыстой, зæгъгæ, æфсæддон хæйттыл дæр фæзыиды нæиион ахастдзинæдтæ. Уæ округжы та куыд у?**

— Æппæтдæр разамонджытæй аразгæ у. Салдаты, кæстæр командирты куыд хъомыл кæиой, уымæй. Цæгат Кавказы æфсæддон округжы æфсæддон дæсныбадзæлон ахастдзинæдты бындурыл зынгæ быцæутæ нæма уыд. Фæстаг рæстæджы уыд барæй æвзæр службæ кæныны хицæн цаутæ. Фæскавказы республикæтæй нæм чи 'рбацыд, уыцы сидтоиты æхсæн. Æмæ уым арæхдæр ахкоздæиын вæййыиц сæ ныйфарджытæ. «Адæмы ныхмæ уæ хæцын кæныиц» — фæдзурыиц сæ кæстæртæн, галиу зондыл сæ ардауыиц.

— **Лев Сергейы фырт, ССР Цæдисы Сæйраг Советы депутатæй æвзæрст æрцыдтæ Терчыфалейы 628-æм национ-территорион æвзарæн округæй. Цавæрдæр ныстуантæ дын радтой æвзарджытæ...**

— Уыдон мæ рох не сты. Ныр дæр ме ссыды хæстæй ну у æвзарджыты курдиæттæм æркæсын, æвзарджытимæ, уыдонимæ æфсæддон службæгæнджытæ дæр, фембæлын. Стыр раныхæстæн præстæг нæй. Лæræй-лæгмæ ныхас мæм пайдайагдæр кæсы.

Афæдзы размæ мын бафæдзæхстой, цæмæй 34-æм микрорайоны фæлгонцад фæхуыздæр кæныиæн бахуыс кæион. Хæдзæрттæ дзы бирæ сырæзт, афтæмæй дзы нæй хуызæнæн дуканитæ, кинотеатр, Абон амбæлдтæн партийы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æхсарбегимæ æмæ Советон райкомы фыццаг секретарь Быгъуылаты Ольгæимæ. Ныхас кодтам уыцы фарстатæ лыг кæныныл.

Ныстуантæ мын радтой Балтайы цæрджытæ дæр, нуазыны донæй æмæ æрдзон газæй сæ хуыздæр æфсадыны тыххæй. Кусын æппæт ныстуантыл дæр. Афтæ мæм кæсы, æмæ ме 'взарджыты зæрдæхудты нæ бацæудзынæн. Нæ хæлардзинад, не 'мгуыстдзинад præздзæн амæй фæстæмæ дæр.

— **Бузныг, Лев Сергейы фырт, дæуæн. Æфсæддон округжы æппæт службæгæнджытæн нæ зæрдæ зæгъы тæккæ стыдæр æнтыстдзинæдтæ хæстон æмæ политикон цæттæдзинады.**

Ныхас кыфыста

ТОЛПАРТЫ С.

Уазæг Китайæ

Советон хицауады хуындмæ гæсгæ 23 апрелы Мæскуымæ хъуыддаджы балцы æрбацыд ККП-йы ЦК-йы Политбюройы иудадзыгон комитеты уæнг, КАР-ы Паддзахадон советы премьер Ли Пэн.

Аэродромы Ли Пэны размæ рацыдысты СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы уæнг, ССР Цæдисы Министрты Советы Сæрдар Н. И. Рыжков, СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы уæнг, ССР Цæдисы фæсарæйнаг хъуыддæгты министр Э. А. Шеварднадзе, æндæр официалон адæймæгтæ.

(СЦТА).

ЕРЫСЫ УАГЫЛ

Зиуы бон Орджоникидзейы цырæгъты заводы коллектив фæллой кодта фылдæр хæрзхъæд продукци рауадзыныл. Директоры хæдивæг Дмитрий Константиниди днимæ æрзылдыстæм æппæт цехтыл.

Дыккæгæм цехы нуазрс къуымы стъолы фарсмæ бадтысты цалдæрæй.

— Уыдон зиуы штабы уæнгтæ сты, — бафиппайдта Дмитрий. — Сахаты хсæн бахыицыиц ерысы бæрæггæнæнтæ æмæ рауадзыиц хъусынгæнинаг «Молния».

Уыдис фараст сахаты. Уыцы рæстæгмæ къуылы фæзыиди фыццаг хъусынгæнинаг: «Зиуы ерыстонты разæй цæуы 24-æм фæскомцæдисон-фæсивæдон бригады коллектив. Бригадир — Лидия Стельмах». Бригады кусыст адæймаджы. Уадзыиц автомобилты цырæгътæ. Сахаты дæргъы сæ пъланмæ гæсгæ рауадзын хъæуы 3 мин цырагъы. Уадзгæ та ракодтой 3 мины 300. Базонгæ стæм бригадиримæ. Уый нын радзырдта: — Нæ боны кусты пълан у 10 мины æмæ 100 цырагъы рауадзын. Фæлæ рауадздзыстæм 15 мины. Бригады уæнгтæ æппæт дæр кусыиц зæрдиагæй. Фæлæ уæддæр фылдæр æнтысы æмбырдгæнджытæ Гусалты Зæлинæ æмæ Гахаты Альбинæйæн. Æххуысмæ нæм фæзыиды сты заводы социалон-экономикон хайады æмæ бухгалтерийы кусджытæ.

— Адæмон фæлхасады товартæй та цы уадзут? — фæрсын Дмитрийы.

Цом, фенын дын сæ кæнон, — загъта уый æмæ мæ ахуыдта дарддæр.

Фарæстæм цех. Ам æмбырд кæнынц рог автомобилты цырæгътæ пластмассæйæ къоппыты, гирляндæтæ Ногбоны зазбæлæстæ сфæлыидынæн, стъолыл дргæ чысыл цырæгътæ.

Цехы мастер Æгъуызарты Эммæ нын радзырдта:

— Боны дæргъы нæ арвитынмæ æрцæттæ кæнын хъæуы 300 къоппы. Фæлæ æрцæттæ кæндзыстæм æппынкъаддæр 600.

Цехы кусы æстай адæймаджы. Зиуы бонмæ рацыдысты æппæтæй дæр. Арæхстджын у сæ февнæлд гирляндæтæ æмбырдгæнæг бригады уæнгтæ Цыбырты Ларисæ æмæ Бырнацты Иессæйæн, стъолыл дргæ цырæгътæ уадзæг бригад «Хурзæрин»-ы уæнгтæ Тедеты Еленæйæн. Мирошникова Верæ æмæ æндæртæй.

Иыиаимæ рæстæг сæ адæмон фæлхасады товартæ рауадзын хъæуы 3935 сомы аргъ. Фæлæ зиуы бон сæхимæ райстой фылдæр хæс — 5 мин сомы аргъ рауадзын.

Заводы дирекци æмæ сæйраг специалисттæ та сарæзтой сæрмагонд бригад æмæ куыстой арæзтадон фæзы.

Зиуы боны зæрдиаг фæллойы кæронбæттæн бæрæггæнæнтæ: товарон продукци уагъд æрцыд 80 мин сомы аргъ. Боны куысты мызд — 6 мин сомы — сфæнд кодтой республикæйы социалон культурон арæзтады фондмæ бахæссын.

ЦЪЕБОЙТЫ С.

НАРДУАТÆЙ

В. И. Ленины райгуырæн бон æнтыстджын фæллойæ сбæрæг кæнынмæ хорз бацæттæ кодтой сæхи Æрыдоны районы Мичурины номыл колхозы механизатортæ æмæ фосдарджытæ. Æмæ сын бирæ бантыст. Иннæ бонтæй уæлдай фылдæр адæм куыста фермæты æмæ быдырты. Механизатортæ æмхуызонæй рацыдысты быдырмæ æмæ дзы нутæ зæхх цæттæ кодтой, иннæтæ тыдтой мыггаджы нартхор. Уыцы-иу præстæг мæрмæ хастой минералон хъацæнтæ æмæ гербицидтæ. Зиуы бон сæхи фæзминагæй равдыстой механизатортæ Гæцойты Николай, Дзиццойты Хъазыбег æмæ Цыбырты Георги. Алчидæр сæ йæ хæслæвæрдтæ ахицæн кодта бирæ фылдæртæй. Ленины райгуырæн бон Мичурины механизатортæ зæхх бацæттæ кодтой 120 гектары, нартхор та байтыдтой 100 гектары.

Бирæ куыст уыд фосдарджытæн дæр. Сæ хъуццытæ дыгъд куы фести, уæд æхсыр арвыстой заводмæ æмæ уайтагъд бавнæлдтой фермæйы кæрт, бæстыхæйттæм зилынмæ. Чъырæй сæ рацагътой, базылдысты фосдарджыты хæдзармæ, ныссагътой бирæ алыхуызон къудзитæ æмæ бæлæстæ. Зиуы бон нардуат фæллой кодтой ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзаутæ дæр. Базылдысты цыртдзæвæнтæм, саив кодтой скъолайы алфамблай. Чъырæй рацагътой бæлæстæ, ныссыгъдæг кодтой уынгтæ. Мичуринæгтæ зиуы бон сæ фæллойы хай паддзахады фондмæ бахастой дыууæ сæдæ сомæй фылдæр.

БОТАЗТЫ А.

Коммунистон зиуы бон хорз бакуыстой Ногиры Калинины номыл колхозы 3-æм бригады механизатортæ. Уыцы бон райдыдтой нартхор тауын æмæ сæ алчидæр сæххæст кодта дыгай нормæтæ.

КЪАМЫ: тауæг **Хъороты Георги**, механизатор **Хуыгаты Мурик**, бригадир **Бибылты** Æхсар, тауæг **Сланты** Митя æмæ механизатор **Снхъоты** Уырызмæг.

Къам систа Къæбысты Х.

Завод «Электроцинчы» коммунистон зиуы бон бакуыстой иннæ бонтæй хуыздæр. Кусдытæ архайдтой сæ та кодтой фæлгонцады куыстытæ, ныссагътой къудзитæ æмæ дидинджытæ.

КЪАМЫ: кусыиц заводы управленийы фæллойгæнджытæ.

Къам систа КЪÆБЫСТЫ Х.

ФÆНДАГЫЛ ÆМÆ БЫНАТЫ

Уалдзæджы райдайæнæй фæстæмæ уæлдай æнæвдæлондæр вæййы автобазæ «Турист»-ы коллектив — республикæмæ æрбацæуы фылдæр бæлццæттæ æмæ сæ экскурситы ласын фæхъæуы канд нæхи турбазæтæм æмæ зæрдылдарæн бынæттæм нæ, фæлæ Цæгат Кавказы æмæ Фæскавказы горæттæм дæр. Уымæ гæсгæ бæлццæттæн хорз лæггад кæныны хъуыддæгтæ бирæ аразгæ сты автобазæ «Турист»-ы шофырты æмæ автослесырты арæхстджын фæллойæ.

— Æнæкъуылымпыйæ сæмбæлдыстæм ацы уалдзыгон ленинон зиуыл, — загъта куыстуаты сæйраг инженер Гæбуты Аркади. — Рагацау ахъуыды кодтам нæ авналæнтыл, нæ тыхтыл æмæ бакæнинаг кусытыл. 21 апрелы сæумæйæ Кисловодскмæ араст сты Бататы Ярославы, Цæруйты Тамерланы æмæ Христоруди Панаюты автобустæ. Гуытъната Руслан æмæ Леонид Храпков та аластой экскурситæ Цъæймæ. Иннæ автобустæ кусытой Дзинагамæ. Къæхтысæрмæ æмæ Ирыстоны иннæ турбазæтæм.

Æмхуызонæй зиумæ рацыдысты цалцæггæнæн-механикон æрмадзы коллективы уæнгтæ. Æрмадзы хицау Джериаты Петр афойнадыл батыхст се 'ппæты дæр кусыты рæвæрыныл. Зиуы бон уыдон æрæмбырд кодтой автомашинæты æхсæз моторы, сцалцæг кодтой æндæр хæйттæ. Уæлдай хуыздæр æмæ зæрдиагдæрæй бакуыстой слесыртæ Фидараты Хъазыбег, Рубен Чахелян, Хуырнаты Измаил, Гутнаты Хаджысмел, Дулаты Георги, Козаты Николай æмæ иннæтæ.

Автобазæйы разамынд æмæ къанторы кусджытæ дæр адæмон зиуæй сæхи нæ ацуварс кодтой. Уыдон бафснайдтой кæрт, бæстыхæйттæ, сæ алфамблайы бæлæстæ чъырæй сцагътой, сахуырстой æмбондтæ.

Иудзырдæй, ахъаззаджы фæллой бакодта автобазæйы бирæнацион коллектив. Боны куысты мызд — 400 сомы бæрц — лæвæрд æрцæудзæн зæрдæхæлардзинады фондмæ.

СЛАНТЫ Т.

ИННÆ БОНТÆЙ ХУЫЗДÆР

Æппæтцæдисон коммунистон зиуы бон горæты æхсыры заводы фæллойгæнджытæ зæрдæрухсæй æрлæууыдысты сæ куысты бынæттыл. Алкæй дæр фæндыд иннæ бонтæй хуыздæр бакусын æмæ архайдта дывæр хъарутæй.

Уæлдай фылдæр бантыст, продукци чи уадзы, уыцы цехты кусджытæн. Зиуы бон рауагътой кефир дæс тоннæйы, æхсыры цъар — аст. къæдор — æхсæз æмæ æхсыр — 40 тоннæйы, кæнæ пъланæй фонд тоннæйы фылдæр.

Заводы директоры хæдивæг, Æппæтцæдисон коммунистон зиу арвитыны штабы хицау Дриаты Герсан куыд радзырдта, афтæмæй коллектив хорз бакуыста куыстуаты кæрт æмæ алыварс уынгтæ æфснайыныл дæр. Зиуы архайдтой 260 адæймаджы, Хуыздæр бакуыстой Абайты Дзамболат, Фæрнаты Хаджумар, Бæтнаты Ирæ, Валодя Рудин æмæ иннæтæ.

КЪОСТАНТЫ Т.

ПАРТИОН ЦАРД: ДЗУАПДÆТТÆН-ÆВЗАРÆН ÆМБЫРДТÆ

Ногдзинадмæ — фылдæр æргом

Фосхæссæн совхоз «Кæрдзинадзы» коммунисттæ-ну айрасмæйы дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырдты тынгдæр дзырдтой хæдзарадон хъуыдæгтыл. Ныр фылдæр æргом аздæхтой партийы уынджы, партион организацийы кад æмæ ном сыгъдæгæй хæссыны æууæлтæм. Коммунисттæн ныронг дæр аргъгонд цыд æмæ ныр дæр цæуы канд йæ ныхæстæм æмæ æгъдаумæ гæсгæ нæ, фæлæ йæ хъуыддæгтæм гæсгæ дæр. Гъе уый тыххæй куыстадон фарстатыл, хæдзарады экономикæйы рæстыл, фæллойы разагдæр мадзæлттæй пайда кæныныл ныхасæн дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырды æнæ 'рбауайгæ нæ уыд.

Партбюройы секретарь Богазты Арсæмæг æмæ преміты раныхасгæнджытæ куыд бацамыдтой, афтæмæй партион организацийы ахадындзинад бæлвырд фæфылдæр рацарæзты рæстæджы. Коммунисты бæрнондзинад æмæ куысты сæ арæхстдзинад кæны фылдæр. Фæлæ ма уæддæр куысты нс зынгæ хъуаг дзинæдтæ. Совхоз 1988—1989 азты æмæ 1990 азы фыццаг кварталы пълантæ паддзахадæн дзидза уæй кæнынæй сæхæст кодта уæлдайджынтæй. 1989 азы паддзахадæн дзидза уæй кæнынæй пълан уыд 450 тоннæйы, уæйгонд та æрцыдис 500 тоннæйы. Совхоз æфтиагтæ райста 360 мин сомы бæрц. Фæлæ ма æркæсæм ацы ахсджиаг фарстамæ лæмбынæг. Совхозæн паддзахад цы дотаци радта, уый нымæц схæццæ 800 мин сомы онг. Уыцы дотаци нæ уыд, зæгъгæ, уæд совхоз знантимæ ахицæн кодтанд хæдзарадон аз.

Совхозы быдырты, нуæндæсæм фондзасонимæ абаргæйæ, дзæвгар фæхъæздыгдæр хорæрзад. Кæд нуæндæсæм фондзасоны совхозы хорæрзад, æмтимæй райсгæйæ, хæццæ кодта 27,8 центнермæ, уæд 1989 азы схæццæ 42 центнермæ. Фæззыгæнд культуры тыллæг схæццæ 30, мæнæу та — 34 центнеры онг гектарæй. Быдырты бæрнад ноджы фылдæр уыдаид, фæлæ техникæйæ, хъацæнтæй куыд æмбæлы, афтæ пайдагонд нæ цыд. Арендон подрядæй раст нæ пайда кодтой. Æлдаттаты Тæтæрхъан совхозы куыста сæйраг агрономæй. Ивгъуыд аз йæхи фæндонмæ гæсгæ кусын райдыдта арендон бригады разамонæгæй. Бригады уæнгты æмæ сæ разамонæджы 'хсæн рауад хъаугъа куысты мыздыл. Бригадир афæдзы дæргъы фæнста стыр мыздæ, бригад та йæ куыстадон хæслæвæрдтæ сæххæст кодта æрмæстдæр æфсирджын хорт æй, иннæ культуртæй, зæфцы фыдæй, райста чысыл тылдæг.

Партион æмбырды Æлдатты-фырты йæ рæдыдтыл басæттын хъуыд, фæлæ уый архайдта искæй базылын кæныныл.

Арендон бригады механизатортæ нууылдæр Тæтæрхъаныл хъоды бакодтой æмæ ацыдысты æндæр бригадмæ. Ам партион бюро æмæ партион къорды аххосæгтæ бирæ сты. Цæуылнæ æркастысты ацы ахсджиаг хъуыддагмæ афоныл æмæ аххосджынæй цæуылнæ бацагурыдтой дзуапп? Арендон коллективмæ нæ уыд хъомыладжын идеологон-хъомыладон куыст

Совхозы алы стуры уæзыл дæр рæстæмбис нымадæй суткæ æфты æрмæст 380—400 граммы. Арæх совхозы разамониджытæй фехъусæн ис, фос нæм фаг нæй, зæгъгæ. Уый раст у. Ам стурвос хъуамæ хаст цæуа 2500 сæры, уæвгæ та дзы ис æрмæстдæр 1800 стуры. Стуртæ интенсивон уагыл хаст куы цæуынкой, суткæ сыл дзидза 600—650 граммы бæрц куы æфтид, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, хъуыддæгтæ фæрæвдз уынкой.

Коммунисттæ сæ архайдмæ критикон цæстæй кæй кæсынц, уый бæрæг уыд докладæй дæр æмæ раныхæстæй дæр. Коммунисттæ партбюройы цæстмæ бадардтой йæ архайды сыдгæдзинад. Раззагдæр куыдзыты, арендон, бригадон подряды æууæлтæ куыд æмбæлы, афтæ кæй нæ пропагандæ кæны, уый.

Моргуаты Хадзымырзæ йæ раныхасы критикæ кодта хицæн коммунисты, уымæн æмæ не сты фæзминаг, сæ хæстæ æххæст кæныныл нæ кусынц. Партбюро фæстаг рæстæг ферох кодта гом партион æмбырды коммунисты дзуапптæм хъусыны ахадындзинад.

Совхозы цы экономикон цыппар скъолайы нс, уыдон куысты тыххæй æмæ сæ ахадындзинады фæдыл уыдис йæ ныхас Хуымарты Русланæн. Нæкуысаты Хъамболат, Лианты Барис куыд бацамыдтой, афтæмæй арендон бригады раздæры сæргълæууæг цъыфкалæн ныхæстæ кæны совхозы разамындыл, уый та ныббарынаг хъуыддаг нæу. Партбюро хъуамæ рæстæгæй-рæстæгмæ йе 'мбырды хъуса коммунисты дзуапптæм, æмæ архайа рæдыдтытæ нæ уадзыныл, дам-думтæ хæлну кæныныл. Парахат кæнын хъæуы демократи, æргомдзинад.

Партбюройы куыст нымад æрцыдис рæстæмбисыл. Æмбыры архайджытæ равзæрстой ног бюро. Секретарæй йын, сусæгæй хъæлæс кæнгæйæ, æмхъæлæсæй ногæй æвзæрст æрцыд Богазты Арсæмæг. Æмбырд равзæрста делегаттæ Кировы районы XXX партион конференцимæ æмæ партийы райкомы уæнгтæм кандидаттæ. Хаст æрцыд фæндон, цæмæй СЦКП-йы обкомы уæнгтæй æвзæрст æрцæуой совхозы директор, Цгъойты Изæтбег æмæ кусæг Туаты Гепнадн.

Коммунисттæ бахастой фæндон, цæмæй XXVIII партион съездмæ делегатæй æвзæрст æрцæуа партийы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æхсарбег.

Цы зæгъæн нс æмбырдæй? Æргом загътой сæ хъуыдытæ, партийы уæнджы кад хъуыддæгтæй, адæмы æууæнкæй аразгæ кæй у, демократи æмæ æргомдзинад парахат кæнынæй тæрсын кæй нæ хъæуы, уый фæдыл. Совхозы коммунисттæм нс ныфс, разæнгарддзинад ноджы хуыздæр кусымæ. Æмæ сæ нысантæ сæ къухы бафтдзысты, цыфæнды зын куыстмæ дæр æмæрдæйæ, æмдыхæй куы æвналой, уæд.

МУРАТАТЫ А.

Фæллой — йæ цин, йæ амонд

ЛЕНИНЫ ОРДЕНХÆСДЖЫТÆ

Æвзонг лæппуйы чи фесады кафын æмæ зарынæй. Ле 'стырдæр мæт — хуыздæр æмæ præсугъддæр дарæс скæнын, æмгæрттимæ фылдæр ахъазын..

Гъе 'рмæст уыцы хорздзинæдтæй хайдкын нæ фæцис красногойраг лæппу Цомайты Михал. Царды уæз æгæр раджы æрæнцад йе 'взонг, æвæлтæрд уæхсчытыл. Уæвгæ, уыцы фæлтæрæн ,хæсты райдайæны агъоммæ æмæ уый фæстæйы уæзæау азты чи райгуырд, уыдонæн бæлиццаг нæ уыд сæ хъысмæт. Хъазынмæ сæ не 'вдæлд.

Æвзонгæй кæркæ-мæркæ гæ лæбуты фæстæ кæрдæгыл ратæх-батæх кæнынмæ нæ равдæлд Михалы дæр. Мады зæнæгæй æдæппæт уыдысты фараст, æмæ кæд сæ фыд Хату, ныййарæг мад Сенæги æхсæвæй-бонæй бидыры куыстæй хæдзармæ нæ цыдысты, уæддæр не 'ххæсыдысты сæ цотыл. Нæ фаг кодта хæринаг, дзаума. Сенæгийыл уæззаудæр уаргъ æнцад. Сывæллæттæ-ну æй къуымы куы бакодтой, цы бахæрм, зæгъгæ, уæд ма-ну фырадæргæй йæхи цы 'рбакодтанд, уый нал зыдта. Иæхи-ну хъæугæронмæ, Урсдоны былмæ айста æмæ-ну цæссыгкалгæйæ пысыратæ, хъолотæ тоныныл схæцыд. Афтæмæй тыххæйты ирвæзын кодта йæ бирæ цоты.

Михал иннæтæй уæлдай рагæйдæр техникæмæ æмхиц уыдис. Бирæ уарзта машинæтæ, хъæууон хæдзарадон техникæмæ зилын. Сæрыстыр уыд йæ фыд Хатуйæ: Уый уæд колхозы куыста механизаторæй.

Райсомы цъæхтыл-ну ас лæгау уайтагъд фестад Михал. Рæвдз-рæвдз-ну акодта йæ уæлæдарæс æмæ-та, уайтагъд йæ фыдимæ фæраст быдырмæ.

Хату хорз æмбæрста лæппуйы зæрдæйы уаг æмæ йыл кæддæриддæр æууæндыд йæ трактор. Михал-ну йæ фыды æфсæн бæхыл куы сбадт æмæ-ну гутонæй зæхх арф фæлдахгæ размæ куы алæгæрста, уæд-ну лæппуйы зæрдæ байдзаг цины æнкъарæнтæй.

Фыдæн дæр-ну, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгон уыд йæ лæппумæ кæсын, фæлæ йæ циндзинад æмбæхста йæ зæрдæйы арфы. Иæрæй-ну фæлладæй хæдзармæ куы фæцæйцыдысты, уæд-ну фыд лæппуйæн анвæй бакой кодта: «Трактор дæр хорз у, мæ хур, фæлæ уал æрыгонæй ахуыры фæндагыл куы 'рлæууис...».

Лæппу-ну фыды ныхæстæм бирæ фæхъуыста. Æрæджиау-ну ын афтæ бакодта: «Баба, æмæ мын дæхæдæг куы фæзæгъыс, цард фæллойуарзаг лæппутæй фидауы, зæгъгæ...».

Ницуал-ну загъта фыд дæр. Иæхицæн-ну скарста: «Фæллой кæнын чи уарза, уый ахуыры дæр фæсте нæ базза йдзæн...».

Æмæ цинæ куыстмæ арæхст Михал: хуым кæнынмæ, най кæнынмæ, машинæ, трактор скъæрынмæ йæхицæй арæхстдзинадæр æмæ æвзыгъддæр лæппу хъæубæсты 'хсæн зын ссарæн уыд.

Иухатт та йыл ахæм цау æрцыд. Хъæуы фæсивæд æмгуыппæй рацыдысты хос кæрдынмæ. Хидæйдзаг хæдон йæ фæсонтыл нынныхæст, афтæмæй йæ уис размæ хаста Михал дæр. Нæ баззад йе 'мбал хосдзауты фæстæ. Æрмæст сын бригадир сæ куысты хæрзхъæддзинад куы сбæрæг кодта, уæд уайдзæф æрхауд Михалмæ. Уый та цæмæн? Æрдузы иу уадздзаг ныууагъта æрдæгкарстæй. Афтæ цæмæн бакодта, зæгъгæ, йыл бригадир куы бауайдзæф кодта, уæд аххосджынау æрлæууыд æнæкарст уадздзаджы цур, æргуыбыр кодта æмæ кæрдæджы 'хсæн ахстонæй йæ ризгæ къухтæм систа цалдæр уæрццы лæппыны. Æфсæрмыгæнгæ загъта:

— Æнæ карстæй ацы æрдуз бæргæ нæ ныууагътаин, фæлæ цæвæг куыд æрбауагътаин, мæнæ, ацы æнæбон маргъы лæппынтыл...

Йе 'мбæлттæ тынг фæбузныг сты Михалæй. Æхсызгон сын уыд, ахæм хæларзæрдæдзинад кæй равдыста, æмæ йын ракодтой зæрдæбын арфæтæ.

Хæларзæрдæ æмæ фæллойуарзаг рахаста Михал

суанг йæ рагбонтæй фæстæмæ. Фæллой ссис йæ цин, йæ амонд æмæ йыл размæ дæр акодта фарны къахдзæфтæ. Æнтыстджынæй каст фæцис Орджоникидзейы 4-æм ремесленнон училище. Уый фæстæ та — хæххонметаллургон техникум. Райста технолоджы дæсныйад. Иæ фæллойы фæндаг æй æркодта завод «Кристалл»-мæ. Фыццаг бонтæй фæстæмæ йæ бирæ бауарзтой йе 'мбæлттæ, Сæ цехы къухы афæдзæй-афæдзмæ æфтыд стыр фæллойадон æнтыстдзинæдтæ. Уыцы уæлахизтæм аккаг æвæрæн хаста æмæ нырттæккæ дæр хæссы фæллойы хъазуатон Цомайты Михал дæр.

Цомайы-фырт ацы заводы кусы 24 азы бæрц. Уыцы дæргъæвтин рæстæджы йæм коллективы разамынды 'рдыгæй никуы æрхауд иу уайдзæфы ныхас дæр. Иæ бæрны йын цы хæс бакæнынц, уый кæддæриддæр сæххæст кæны афоныл, æнæ ракебакæйæ. Сæ уагъд продукци та сын æрвитынц бæстæйы алы рæттæм, æмæ сæм уырдыгæй ссæуы арфæйы гæххæттытæ.

Михалимæ ныхас кæнгæйæ йæм рахатыдтон, ахæм минуигæ: тынг чъинды у ныхасыл. Уынмæ йæхи тыххæй дзурын æппындæр нæ уарзы. Иæ ныхæстæ уыдысты цыбыр, фæлæ зæрдæйæ: Нæ зонын, цы дын зæгъон, уый... Уарзын мæ куыст.., Æппæтæй тынгдæр мыл рæстæг ныддарҷ вæййы æнцой бонты — сабаты æмæ хуыцаубоны... Заводæй хи хæдзарæй мын уæлдай нæй... Мæ фарсмæ тынг фæллойуарзаг адæм кусы... Гæлуаты Валерик, Олег Селезнев, Отар Хулидзе æмæ бирæ æндæртæ... Фыссын уыдоныл хъæуы, æндæр æз уадиссагæй уый бæрц ницы сарæзтон...

— Æмæ дын, уæдæ, Кады нысаны æмæ Ленины ордентæ дæр дзæгъæл хуымæтæджы кæцæй раттаикой? — йæ ныхас ын æрдæгыл фескъуыдтон æз дæр.

— Нæ зонын... — загъта та арф ныуулæфгæйæ, — мæ куыстмæ никуы байрæджы кодтон... Стæй цауд продукци дæр мæ къухæй никуы рацыд. Бирæ уарзын мæ кæстæрты. Уынмæ, кæд коммунист нæ дæн, уæддæр иуæрдион дæн Ленины хъуыдытыл. Мæнæн мæ зæрдæмæ æппындæр нæ цæуы, ныртæккæ рацарæзты рæстæг иуæй-ну коммунисттæ сæ партион билеттæ фæстæмæ кæй дæттынц, уый. Уынмæ раст нæу, партийыл алы цъыфкалæнтæ кæй кæнынц. Уыдоны æз æцæг коммунисттæ нæ хонын. Зæгъæн ис афтæ, æмæ уыдон партийы рæнхъытæм æрмæстдæр цыдысты сæхицæн кад скæныны, фæлмæн къелæттджын бандæттæ æрцахсыны тыххæй. Ахæм «коммунисттæй» парти цас тагъддæр ссыгъдæг уа, уыйас хуыздæр у.

Нæ парти бирæ хорз хъуыддæттæ сарæзта. Раст зæгъгæйæ, уыдис дзы бирæ негативон фæзындтытæ дæр. Фæлæ, æмтимæй райсгæйæ, уый раст нæу. Райсæм ма Октябры революцийы æмæ фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Райгуыраен бæстæ бахъахъхъæныны сæрвæлтау сæ рæзгæ удтæ цас æмæ цас зынгæрдæ коммунисттæ радтой. Уæд куыд раст у уый, æмæ нырма æхсæнадæн зиан йедтæмæ пайда ну мур дæр чи нæма радта, уый абон, митингты разæй цæугæйæ, йæ рну тымбыл къухæй хойгæйæ, цы цæсгомæй дзуры партийы нымæ.

Мæнмæ гæсгæ афон у уыцы экстремисттæй дзуапп бацагурын. Уыдон ардауынц нæ адæмты кæрæдзийыл æмæ куы ну республикæйы, куы иннæйы анхъæвынц туджы зæйтæ.

Æцæг коммунист æз уый хонын, кæцы кæддæриддæр хицау вæййы йæ дзырдæн.

Раст сты йæ хъуыдытæ Михалæн. Уый кæд партион билет йæ дзыппы нæ хæссы, уæддæр ын йæ цардвæндагмæ куы 'ркæсæм, йæ фæллойадон æнтыстдзинæдтыл нæ цæст куы ахæссæм уæд нæ бон фидарæй зæгъын у: ды æцæг коммунист дæ, Михал, æмæ дын нæ зæрдæ зæгъы, абоны уонг дæ къухы цы бафтыд, уымæй дын сомбон ноджы фылдæр бантысæд.

...Æмбисæхсæв. Рæстæг дыууæдас сахатæй ахызт. Михал та иннæ хæттытау абон дæр куыста дыккаг сменæйы æмæ æнафоны æрбацыд хæдзармæ. Сабырæй бакодта дуар. Сæ тарф фынæйы уыдысты йæ бинойнаг Оля (куысы цъындзаумайы фабричы), йæ чызг Эльвирæ æмæ лæппу Сослан. Куыннæ сæ райхъал кæна Михал, афтæ хъавгæ бахызт мидæмæ. Стъолыл фæкомкоммæ йæ чызг Эльвирæйы тетрадмæ. Уый ахуыр кæны 11-æм къласы. Рафæлдæхта фыд тетрад æмæ кæсынтыл фæцис йæ чызджы сочинени: «Мæн скъолайы фæстæ фæнды мæ фыды хуызæн нæ горæты заводтæй искæцыйы кусын... Фæнды мæ, мæнæн дæр искуы куы сакkаг кæнинкой Ленины орден...»

Михалы цæсгомыл анхъæвзтой циндзинады æнкъарæнтæ. Йæ зæрдыл æрбалæууыдысты йæ фыды ныхæстæ: «Фæллой кæнын чи уарза, уый ахуыр кæнынмæ дæр 'ссардзæн фæндаг...»

Чысыл, фæлæ æнгом æмæ амонджын бинонты къорд сты Цомайтæ. Гъемæ сын нæ зæрдæ зæгъы; цæмæй сæ фæрныг хæдзарæй кæддæриддæр хъуыса фæллойы, амонды æмæ фарны зарæг.

ЧЕРЧЕСТЫ Хъ.

АФТÆ КУСÆН НÆЙ

Нæ республикæйы партион организацити дзуапдæттæн æвзарæн æмбырдтæ арвитыны графикæ ивд æрцыдисты æмæ иуæй-ну партион ор-

скал. Партийы уæнгтæм ну кандидат нал сразы ис СЦКП-йы уæнгтæм бацæуыныл. Æрæджы та ну адæймаг курдиат бадзырдта

джытæ. Æмæ раныхас кодтой хилдасæнты æмæ хуыйæн цехы сæргълæуджытæ Ш. Даниелян æмæ

МА ФЕХАЛÆМ НÆ ИУДЗИНАД

Сæйрагдæр — адæмы хъысмæт

Мæ размæ чиныг «Дыууæ дуне йы» (В двух мирах). Йæ ныффыссæг Юстас Палец-

хæрæг æмæ йын йæ бартæ ссæндæг хицаудзинад, адæймаг адæймаджы эксплуатаци

Фæстаг къуыриты цаутæ бынтон бæлвырд равдыстой, Литвайы республикæйы æцæг

дæр хорæрзад. Кæд нуæндæсæм фондзаоны совхозы хорæрзад, æмткæй райсгæйæ, хæццæ кодта 27,8 центнермæ, уæд 1989 азы схæццæ 42 центнермæ, Фæззыгæнд культурты тыллæг схæццæ 30, мæнæу та — 34 центнеры онг гектарæй. Быдырты бæркад ноджы фылдæр уыданд, фæлæ техникæйæ, хъацæнтæй куыд æмбæлы, афтæ пайдагонд нæ

ладæй дæр æмæ раныхасгæй дæр. Коммунисттæ партбюройы цæстмæ бадардтой йæ архайды сыпдæгдзинад. Раззагдæр куыдзыты, арендон, бригадон подряды æууæлтæ куыд æмбæлы, афтæ кæй нæ пропагандæ кæны, уый.

Моргуаты Хадзымырзæ йæ раныхасы критикæ кодта хицæн коммунисты, уымæн æмæ не сты фæзминаг, сæ

ды æфсæн бæхыл куы сбадт æмæ-ну гутонæй зæхх арф фæлдахгæ размæ куы алæгæрста, уæд-ну læппуйы зæрдæ байдзаг цины æнкъарæнтæй.

Фыдæн дæр-ну, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгон уыд йæ læппумæ кæсын, фæлæ йæ циндзинад æмбæхфæдæ цæвиг куыд æрбауагътаин, мæнæ, ацы æнæбон маргъы læппынтыл...

Йе 'мбæлттæ тынг фæбузныг сты Михалæй. Æхсызгон сын уыд, ахæм хæларзæрдæдзинад кæй равдыста, æмæ йын ракодтой зæрдæбын арфæтæ.

Хæларзæрдæ æмæ фæллойуарзаг рахаста Михал

ды алы рæттæм, æмæ сæм уырдыгæй ссæуы арфæйы гæххæттытæ.

Михалимæ ныхас кæнгæйæ йæм рахатыдтон, ахæм миниуæг: тынг чъыды у ныхасыл. Уымæ йæхи тыхжæй дзурын æппындæр нæ уарзы. Йе ныхæстæ уыдысты цыбыр, фæлæ зæрдæйæ: Нæ зоныи, цы дын зæгъон,

хæрæг æмæ йын йæ бартæ ссæндæг хицаудзинад, адæймаг адæймаджы эксплуатаци кæм кæны, уыцы хицаудзинад аппарæт адæмы домæнмæ гæсгæ Адæмон сейм уынаффæ хæссы: ракурын Советон Социалистон Республикæты Цæдисы Сæйраг Советæй, цæмæй Советон Цæдисмæ райса Литвайы Советон Социалистон Республикæйы, куыд цæдисон республикæ, афтæ».

Æрмæстдæр адæмы фæндон, адæмы тырыпдзинад цыд хыгъд. Æмæ уыцы фæндон æххæстгонд дæр æрцыд. 1940 азы 3 августы ССР Цæдисы Сæйраг Советы сессийы депутаттæ æмхъæлæсæй райстой Литвайы Советон Цæдисмæ, куыд цæдисон республикæ.

Гæды ныхæстæ ныффыста Ю. Палецкис? Мæнмæ гæсгæ нæ. Йæ адæмы историйы зынгæ цаутæ куыд æрцыдысты, афтæ сæ равдыста. Йæ цæстыты раз цытæ цыд, йæхæдæг активон архайæг кæм уыд, æрмæстдæр уыдоныл дзуры. Йæ хъыг, йæ мæт — йæ адæмы хъысмæт.

Дæс æмæ дыууиссæдз азы ацы цауты ныхмæ иу сдзурæг нæ разынд. Уый нæ, фæлæ Литва Советон Цæдисимæ кæй бану, уымæй æппæлынæй не 'фсæстыты. Куыддæр фæзынд адæмон фронт «Саюдис», афтæ историйы цалх иннæрдæм зылын райдыдта — мах, дам, ССР Цæдисмæ барвæндонæй нæ бацыдыстæм, советон æфсæдтæ, дам, нæ оккупаци скодтой. Иу ныхасæй советон адæмты хъарутæй Литвайы Советон Социалистон Республикæ индустриалон-аграрон æмæ рæзгæ культурæимæ куы сиу, уæд сæ æрбайрох сты, уыцы æнтыстдзинæдтæм советон республикæтæ цы бавæрæнтæ бахастой, уыдон. Æргом гадзрахат, æдзæсгомдзинад æндæр ын схонæн нæй.

Фæстаг къуыриты цаутæ бынтон бæлвырд равдыстой, Литвайы республикæйы æцæг хицаудзинад сæ къухтæм райсæг «Саюдис»-ы разамонджытæ цы фæндагг равзæрстой, уый кæй кæны ныхмæлæудмæ æмæ тæккæ тæссагдæрмæ, народзинадмæ. ЛССР-йы сæйраг Советы уæвæг цалдæр дæс адæймаджы нунæг уынаффæйæ фæфелдæхтой фондзыссæдзгай мин адæймæгты хъысмæт.

Фæндзай азы размæ адæмы фæндонмæ гæсгæ Литва бану Советон Цæдисимæ. Фæнды йæ ныр рахицæн. Уый тыххæй адæмы цæуынæ исчи фæрсы? Литвайы разамонджытæ ССР Цæдисы Сæйраг Советы сесситы бирæ фæдзурынц административон-командон системæйы фыдбылызты тыххæй. Кæмæндæр, дам, йæ цæсты къала бæлас зад, иннæмæн та æрду — æрду кодта. Уыцы низæй кæд тынг исчи сæйы, уæд ЛССР-йы Сæйраг Советы разамынд. Адæмы нæ фæрсы, адæмимæ нæ уынаффæ кæны. Уый куыд фæнды, афтæ куы нæ кæнай, ома, йæ политикæимæ разы куы нæ уай, уæд дæ уголовон æгъдауæй бафхæрдзæн.

Уый æцæг административон-командон системæ у. Раст куы зæгъæм, уæд та къорд адæймаджы диктатурæ, кæцыйæн демократиимæ нумæйагæй ницы ис.

Нæ хъæуы фыдбылыз æруадзын. Сараз ын хъæуы æппæт мадзæлттæ дæр, цæмæй Советон Литвайы ныры разамонджытæ кæрæйкæронмæ æххæст кæнын райдайой Советон Цæдисы Конституцийы домæнтæ.

Адæмы хъысмæтыл асагъæс хъæуы. Фæстæмæ къахдзæф кæнын никæй фæнды.

ХЪÆРДЖЫНТЫ Т.
хæсты, партийы æмæ фæллойы ветеран.

АФТÆ КУСÆН НÆЙ

Нæ республикæйы партион организаципы дзуапдæттæн æвзарæн æмбырдтæ арвитыны графиктæ ивд æрцыдысты æмæ иуæй-ну партион организаципы секретартæ тырнынц дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырдтæй тагъддæр фервæзынмæ, бирæ æнæлыгонд фарстатыл лæмбынæг нæ хъуыды кæнгæйæ, куыст критикон æгъдауæй нæ равзаргæйæ.

Ахæм фидар хъуыды мæм сæвзæрд, нæ районы адæмон лæггæдты куыстадон нугонды дзуапдæттæн-æвзарæн партион æмбырды. Æмбырд райдыдта æмгъуыдæй фæстæдæр, партион организацийы хыгъды цы 37 коммунисты ис, уыдонæй дзы архайдтой æдæппæт 20 адæймаджы.

Докладгæнæг партион бюройы секретарь Кумситы Виктор йæ ныхас фидарæй кæй райдыдта, уымæ гæсгæ банхъæлæн уыд, æгъгъæ, коммунисты раздзог лæмбынæг цæттæ кодта йæхи æмбырдмæ, докладыл бакусынмæ йын æххуыс кодтой партбюройы уæнгтæ, рæнхъон коммунисттæ. Фæлæ доклад ахаста æдæппæт дæс минуты. Æмбырды архайджытæ æппæт фарстаты фæдыл бындурон ранртæсты бæсты фехъуыстой нумæйаг ныхæстæ партион царды тыххæй, æнæ истыхуызон хатдзæгтæ æмæ фиппаинæгтæй. Цалдæр коммунисты фæндыд иуæй-ну фарстытæн бæлвырддæр дзуаппытæ фехъусын, фæлæ сын Кумсийы-фырт ахæм дзуаппытæ нæ радта. Уыцы фарстытæ уыдысты партбюройы, сæрмагондæй та секретары куысты тыххæй, коммунисты сæрмагонд хæстæ, критикон фиппаинæгтæ æмæ фæндæттæ куыд æххæстгонд цыдысты, уый фæдыл æмæ æндæртæ.

О, фæлæ уыдон дæр цы домдтой, кæд æмæ зоныи, партион организаци кæй æвлæмæгъ ис, бирæ партионтæ æппындæр кæй не 'нхъарынц бæрнондзинад, мæйгæйттæ нæ фидынц партион фиддонтæ, нæ вæййынц æмбырды. Фæстаг 3—4 мæйы дæргъы сæ бастдзинад райдиан партион организациимæ фесæфтой коммунисттæ Гæбæраты Р., Хъассохты Б., С. Тарновскаи. Партийы уæнгтæм иу кандидат нал сразы ис СЦКП-йы уæнгтæм бацæуыныл. Æрæджы та иу адæймаг курдиат балæвæрдта, цæмæй йæ партийы уæнгтæй суæгъд кæной.

Партион æгъдау ацы ран лæмæгъ кæй у, уымæн æвдисæн у, сæ дзуапдæттæнæвзарæн æмбырдмæ фынддæс коммунистæй фылдæр кæй не 'рбацыдысты, уый дæр. Секретарь уымæн агуырдта æфсæнттæ: нутæ не 'рбацыдысты рынчыны æфсонæй, иннæтæ, дам, куысты сты, аннæтæ та заводы нал кусынц, кæд партион хыгъды сты, уæддæр. Фæлæ мæ ахæм уавæр ноджы арфдæр бауулæндын кодта, партион секретарь фидар бастдзинæдтæ кæй нæ дары райдиан организацийы уæнгтимæ, се 'хсæн кæй нæ кæны æмбæлгæ партион-политикон куыст.

Секретары доклад иртасгæйæ бацамонын хъæуы: уый критикæ кæны партион бюройы, фæллойадон коллективы советы, фæскомцæдисон организацийы архайд. Фæлæ æппæт хъæндзинæдты ну аххосджыны дæр нæ амоны. Кумситы Викторы докладмæ гæсгæ афтæ уайы, æмæ коммунисты 'хсæн нæй раззагдæртæ, нæй фæстагæттæ æмæ, партийы рæнхъыты уæвыны аккаг чи нæу, ахæмтæ. Уый нæ, фæлæ доклады ныхас фылдæр здæхт уыд уæлдæрлæууæг партион оргæнты архайды хъæндзинæдтæ критикæ кæнынмæ. Цыма райдиан партион организацийы куыст рацаразынæн уæлдæрлæууæг оргæнтæ цæлхдуртæ æвæрынц.

Партбюройы секретарь не 'рæвæрдта бæлвырд хæстæ коммунисты, æппæт организацийы раз. Алы коммунисты архайдæн дæр аккаг аргъ скæныны æмæ æдзæллаг уавæрæй рацæуынæн фæндагтæ бацамоныны бæсты Кумсийы-фырт агуырдта æфсæнттæ.

Хуыздæр нæ рауадысты æмбырды архайджыты раныхæстæ дæр. Ныхас райдайын никæй фæндыд, уымæн гæсгæ æмбырды сæрдариуæггæнæг Цъæхойты В. бахаста фæндон, цæмæй фыццаджыдæр раныхас кæной куыстадон къабæзты сæргълæууæг Ирыстоны цъындадзаумайы нугонды Алагиры уафæн цехы æрдиаг фæллой кæны фæскомцæдисон Габолаты Замирæ. Уый ардæм кусынмæ æрбацыд, астæуккаг скъола каст куы фæцис, уæд. Сахуыр кодта уафæджы дæсныйад æмæ ныр цæуы раззагдæр кусджыты æмрæнхъ.

Къамы: ГАБОЛАТЫ Замир.
Къам систа КЪÆБЫСТЫ Х.

БАХЪАХЪХЪÆНÆМ НÆ ЦÆДИС

Мах, хистæр фæлтæр, нæ цардвæндагыл бирæ зындзинæдтæ бавзæрстам æмæ ныр стыр мæты стæм бæстæйы цы уавæр сæвзæрд, уымæй.

Æппæт дзыллæтæ дæр се 'ргом аздæхтой Литвайы цаутæм. Бирæ азты дæргъы мах фæцамадтам фидар мæсыг — Советон æнæхæлгæ Цæдис. Уый дургай згъæлын куы райдайа, уымæй тас у. Абон Литва, сомбон æндæр республикæ сæхи бæстæйæ куы фæиппæрд кæной, уæд уый у хæдзары хæлд.

Махмæ диссаг кæсы ахæм æцæгдзинад. Литвайы хицæуттæ гадзрахатæй цæуынц сæхи æмæ иннæ советон адæмыл дæр. Афоныл сын сæ рохтыл хъæддыхæй æрхæцæг кæй нæ уыд, уый аххосæй республикæйы ныры разамонджытæн сæ къухы бафтыд адæмты ну хай сæ фæдыл акæнын. Иувæрсыгæй Литвайы Сæйраг Советы сесситы, Цæдисон Конституци ницæмæ æрдаргæйæ, уæхски-уæхск сæ фарсмæ цы æндæр адæмтæ цæры, уыдоны хъысмæтыл мисхал дæр нæ ахъуыдыгæнгæйæ, сфидар кодтой Цæдисæй ахицæн кæныны тыххæй æцæгælон, æнæхъола закъонтæ. Раст нæм кæсынц ССР Цæдисы президент М. С. Горбачевы ныхæстæ, Литвайы адæммæ цы сидт барвыста, уырдыгæй: «Махæн сабыр, кæрæдзи æмбарыны уагыл нæ ныхас куы нæ бада, фыдæхдзинæдты уацары куы бахауæм, уæд ахæм уавæрæн йæ фæстиуджытæ уыдзысты уæззау, ницуал хос арæзт æрцæудзæн сæ бауыромынæн».

Мах æрæджы телеуынынады Вильнюсæй цы митинг федтам, уым архайдтой 150 мин адæймаджы бæрц. Цы карз ныхæстæ дзы фехъуыстам, рæстдзинад бахъахъхъæныны тыххæй, стæй ныртæккæ дæр цы митингтæ æмæ Президенты номыл цы телтæ æмæ писмотæ цæуы, уыдон ныфс æвæрынц, зæгъгъæ, экстремисттæ састы бынаты баззайдзысты æмæ Литва раздæрау уыдзæн Советон Цæдисы рæнхъыты, куыд æмсæр, æмбар æфсымæрон республикæ.

Цымæ уыл куыд нæ асагъæс кæнынц Литвайы ныртæккæйы разамонджытæ.

Саразын хъæуы æппæт дæр, цæмæй нæ бæстæйы нудзинад, адæмы хæлардзинад ма фехæлой, хъахъхъæд æрцæуа нæ Цæдис.

Пхалæгаты Агыса.
Хъамбердиаты Руслан.
Тахъуылты Лизæ,
Кдойты Астемыр.

МА ФЕХАЛÆМ НÆ ИУДЗИНАД

Сæйрагдæр—адæмы хъысмæт

Мæ размæ чиныг «Дыууæ дунейы» (В двух мирах). Йæ ныффыссæг Юстас Палецкис — Литвайы зынгæ поэт æмæ публицист — æртыи азы бæрц уыд Литвайы ССР-йы Сæйраг Советы Президиумы сæрдар. Бæлвырд дæнцæгтыл æнцайгæйæ, уый. æвдисы йе 'мзæххонты царды буржуазон-фашистон паддзахады, стæй сæ рухс фæндаг, Литва ССР Цæдисимæ куы бану, куыд цæдисон республикæ, уæдæй фæстæмæ.

Куыд бану Литва Советон Цæдисимæ?

Барвæндонæй. Палецкис куыд фыссы, афтæмæй 1940 азы 14 июлы Литвайы фæллойгæнджытæ фыццаг хатт сæ историйы равзæрстой депутаттæ Адæмон сейммæ. 79 депутатæй 22 уыдысты кусджытæ, 25 æзхкусджытæ, 28 фæллойгæнæг интеллигенттæ æмæ службæгæнджытæ, 3 салдаты, 1 æрмгусæг.

1940 азы 21 июлы Каунасы театры байгом Адæмон сеймы историон æмбырд. Байгом æй кодта Палецкис йæхæдæг.

Цы 'рцыд сеймы æмбырды, уый фæдыл мæнæ куыд фыссы Ю. Палецкис: «Ю. Григолавичус цы фæндон бахаста, уымæ гæсгæ боны фæткы фыццаг фарстайæн фидаргонд æрцыд «Паддзахадон арæзтады тыххæй». А. Снечкусы фæндонмæ гæсгæ дыккаг фарста уыд — Советон Цæдисмæ бацæуыны тыххæй.

Фидаргонд æрцыд паддзахадон хицаудзинады тыххæй Декларацы. Уымæ гæсгæ Литва ссис Советон социалистон республикæ...

...Адæмон сейм сфидар кодта Советон Социалистон Республикæты Цæдисмæ бацæуыны тыххæй Декларацы. Йæ кæронбæттæны уыдис ахæм ныхæстæ: «Æзронд хицаудзинад, адæймаджы æфхæрæг æмæ йын йæ бартæ ссæндæг хицаудзинад, адæймаг адæймаджы эксплуатаци кæм кæны, уыцы хицаудзинад аппарæт адæмы домæнмæ гæсгæ Адæмон сейм уынаффæ хæссы: ракурын Советон Социалистон Республикæты Цæдисы Сæйраг Советæй, цæмæй Советон Цæдисмæ райса Литвайы Советон Социалистон Республикæйы, куыд цæдисон республикæ, афтæ».

Æрмæстдæр адæмы фæндон, адæмы тырыпдзинад цыд хыгъд. Æмæ уыцы фæндон æххæстгонд дæр æрцыд. 1940 азы 3 августы ССР Цæдисы Сæйраг Советы сессийы депутаттæ æмхъæлæсæй райстой Литвайы Советон Цæдисмæ, куыд цæдисон республикæ.

Гæды ныхæстæ ныффыста Ю. Палецкис? Мæнмæ гæсгæ нæ. Йæ адæмы историйы зынгæ цаутæ куыд æрцыдысты, афтæ сæ равдыста. Йæ цæстыты раз цытæ цыд, йæхæдæг активон архайæг кæм уыд, æрмæстдæр уыдоныл дзуры. Йæ хъыг, йæ мæт — йæ адæмы хъысмæт.

Дæс æмæ дыууиссæдз азы ацы цауты ныхмæ иу сдзурæг нæ разынд. Уый нæ, фæлæ Литва Советон Цæдисимæ кæй бану, уымæй æппæлынæй не 'фсæстыты. Куыддæр фæзынд адæмон фронт «Саюдис», афтæ историйы цалх иннæрдæм зылын райдыдта — мах, дам, ССР Цæдисмæ барвæндонæй нæ бацыдыстæм, советон æфсæдтæ, дам, нæ оккупаци скодтой. Иу ныхасæй советон адæмты хъарутæй Литвайы Советон Социалистон Республикæ индустриалон-аграрон æмæ рæзгæ культурæимæ куы сиу, уæд сæ æрбайрох сты, уыцы æнтыстдзинæдтæм советон республикæтæ цы бавæрæнтæ бахастой, уыдон. Æргом гадзрахат, æдзæсгомдзинад æндæр ын схонæн нæй.

Фæстаг къуыриты цаутæ бынтон бæлвырд равдыстой, Литвайы республикæйы æцæг хицаудзинад сæ къухтæм райсæг «Саюдис»-ы разамонджытæ цы фæндагг равзæрстой, уый кæй кæны ныхмæлæудмæ æмæ тæккæ тæссагдæрмæ, народзинадмæ. ЛССР-йы сæйраг Советы уæвæг цалдæр дæс адæймаджы нунæг уынаффæйæ фæфелдæхтой фондзыссæдзгай мин адæймæгты хъысмæт.

Фæндзай азы размæ адæмы фæндонмæ гæсгæ Литва бану Советон Цæдисимæ. Фæнды йæ ныр рахицæн. Уый тыххæй адæмы цæуынæ исчи фæрсы? Литвайы разамонджытæ ССР Цæдисы Сæйраг Советы сесситы бирæ фæдзурынц административон-командон системæйы фыдбылызты тыххæй. Кæмæндæр, дам, йæ цæсты къала бæлас зад, иннæмæн та æрду — æрду кодта. Уыцы низæй кæд тынг исчи сæйы, уæд ЛССР-йы Сæйраг Советы разамынд. Адæмы нæ фæрсы, адæмимæ нæ уынаффæ кæны. Уый куыд фæнды, афтæ куы нæ кæнай, ома, йæ политикæимæ разы куы нæ уай, уæд дæ уголовон æгъдауæй бафхæрдзæн.

Уый æцæг административон-командон системæ у. Раст куы зæгъæм, уæд та къорд адæймаджы диктатурæ, кæцыйæн демократиимæ нумæйагæй ницы ис.

Нæ хъæуы фыдбылыз æруадзын. Сараз ын хъæуы æппæт мадзæлттæ дæр, цæмæй Советон Литвайы ныры разамонджытæ кæрæйкæронмæ æххæст кæнын райдайой Советон Цæдисы Конституцийы домæнтæ.

Адæмы хъысмæтыл асагъæс хъæуы. Фæстæмæ къахдзæф кæнын никæй фæнды.

ХЪÆРДЖЫНТЫ Т.
хæсты, партийы æмæ фæллойы ветеран.

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ АССР-йы ДЫУУАДÆСÆМ РАВЗÆРСТ СÆЙРАГ СОВЕТЫ АДÆМОН ДЕПУТАТТÆН ЗОНИНАГ

Цæгат Ирыстоны АССР-йы дыууадæсæм равзæрст Сæйраг Советы дыккаг сесси дарддæр йæ куыст кæндзæн 1990 азы 25 апрелы 10 сахатæй фæстæмæ Советты хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз).

Дыккаг сессимæ чи æрбацæуа, цæгат Ирыстоны АССР-йы дыууадæсæм равзæрст Сæйраг Советы уыцы адæмон депутаттæ регистрациигонд цæудзысты 25 апрелы райсомæй 9 сахатыл Советты Хæдзары фойейы (Сæрибары фæз).

Телефонтæ: 3-10-15, 3-84-69.

ИРЫСТОНЫ ХЪÆБАТЫР ФЫРТТÆ

ÆХСАРАТЫ ЭНВЕР

Советон Цæдисы Хъæбатыр Æхсараты Энвер райгуырд 1915 азы 24 ноябры, Рахизфарсы районы Зилгæйы хъæуы. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кодта Краснодары инженер-арæзтадон институты, 1934 азы барвæндæй ацыд Советон Æфсады рæнхъытæм. 1937 азы æнтыстджынæй каст фæцис Тбилисы Æфсæддон училище æмæ службæ кодта Астæуккаг Азийы бæхджын æфсады хæйттыл.

Энвер æвæджиауы лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинад равдыста Фыдыбæстæйы Стыр хæсты. Уый 1942 азы фæззæджы нысæнгонд æрцыд 227 фистæгæфсæддон полчъы командирæй. Майор Æхсараты Энвер архайдта Белгороды æмæ Харьковы областты хъæутæ Звинячейы æмæ Ощевы Сергейы батальоны хæстонтæ равдыстой æвæджиауы хъæбатырдзинад. Баурæдтой фашисты тыхджын размæбырст æмæ сын скуынæг кодтой сæ хæстон техникæ. Ныццагътой 150 салдаты æмæ афицеры, ныддæрæн кодтой 2 танчы, сармадзæны. Уацары райстой 24 фашистон салдаты æмæ афицеры. Батальоны хæстонтæ ма байстой знæгты хæцæнгæрзты æвæрæнтæ. Ацы хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинады тыххæй Сергей Батышевæн 1944 азы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Уый фæстæ ма Батышев архайдта Польшæйы знæгтæй ссæрибар кæныны карз хæстыты.

1945 азæй фæстæмæ майор Батышев ис запасы. Цæры Мæскуыйы. У педагогон наукæты Академийы академик. Зæрдиагæй архайы фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй Батышевæн лæвæрд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы, Фæллойадон Сырх Тырысайы, Александр Невскийы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг æмæ дыккаг къæпхæны, Сырх Стъалыйы ордентæ æмæ майдантæ.

СЕРГЕЙ БАТЫШЕВ

Советон Цæдисы Хъæбатыр Сергей Батышев райгуырд 1915 азы Рязаны облæсты Кадомы хъæуы. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ бацыд Мæскуыйы машинæаразæн институтмæ. Институты фæстæ æрвыст æрцыд горæт Дигорамæ, уыдис хъæууонхæдзарадон техникумы математикæйы ахуыргæнæг. 1939 азы службæ кодта æфсады. Уый фæстæ каст фæцис полчъы скъола, афицеры курсытæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Сергей архайдта Мæскуыйы æмæ Сталинграды бынмæ карз, тохты. 1944 азы йæ снысан кодтой 545-æм фистæгæфсæддон полчъы батальоны командирæй, лæвæрд ын æрцыд майоры цин. Волынскы облæсты хъæутæ Звинячейы æмæ Ощевы Сергейы батальоны хæстонтæ равдыстой æвæджиауы хъæбатырдзинад. Баурæдтой фашисты тыхджын размæбырст æмæ сын скуынæг кодтой сæ хæстон техникæ. Ныццагътой 150 салдаты æмæ афицеры, ныддæрæн кодтой 2 танчы, сармадзæны. Уацары райстой 24 фашистон салдаты æмæ афицеры. Батальоны хæстонтæ ма байстой знæгты хæцæнгæрзты æвæрæнтæ. Ацы хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинады тыххæй Сергей Батышевæн 1944 азы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Уый фæстæ ма Батышев архайдта Польшæйы знæгтæй ссæрибар кæныны карз хæстыты.

1945 азæй фæстæмæ майор Батышев ис запасы. Цæры Мæскуыйы. У педагогон наукæты Академийы академик. Зæрдиагæй архайы фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй Батышевæн лæвæрд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы, Фæллойадон Сырх Тырысайы, Александр Невскийы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг æмæ дыккаг къæпхæны, Сырх Стъалыйы ордентæ æмæ майдантæ.

БИЛАОНТЫ ПАВЕЛ

Советон Цæдисы Хъæбатыр инæлар — булкъон Билаонты Павел Семены фырт райгуырд 1919 азы 17 октябры Амуры облæсты поселок Шимановскы, ирон службæгæнæг бинонты 'хсæн. Йæ сабийы бонтæ Павел арвыста горæт Дигорайы, æмæ Орджоникидзейы. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ куыста завод «Электроцинчы». 1939 азы каст фæцис Орджоникидзейы фистæгæфсæддон училище æмæ йæ арвыстой Цæгат Кавказы æфсæддон округмæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Хуссар — Ныгуылæн фронты 1942 азы апрелы хистæр лейтенант Билаонты Павел равдыста хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинад. Архайдта Сталинграды карз хæстыты. 1942 азы фæззæджы капитан Билаонты Павел нысангонд æрцыд 1036-æм фистæгæфсæддон полчъы командирæй.

1943 азы сæрды гвардийы майор Билаоны-фырт, полчъы командиры бынаты уæвгæйæ, æхсарджын тох кæны йæ хæстонтимæ Курскы къæлæты, стæй Украинæйы горæттæ æмæ хъæутæ фашисттæй ссæрибар кæныны тугкалæн хæстыты. Цалдæр хатты Павел фæцæф.

1944 азы 24 мартъийы æхсæвы гвардийы 681-æм полкъ цæугæдон Днепры сæрты æнтыстджынæй ахизгæйæ, фашисттæй ссæрибар кодта Винницкы облæсты хъæу Липчаны. Æртæ боны карз хæстыты полчъы хæстонтæ ныддæрæн кодтой 3 танчы, хæцæнгæрзтæй дзы 60 автомашинæйы, уацары райстой 150 немыцаг салдат æмæ афицеры. Хæсты фæстæ Павел фæцис М. В. Фрунзейы номыл Æфсæддон академи, уый фæстæ та Генералон Штабы Æфсæддон академи.

1980 азæй фæстæмæ инæлар-булкъон Билаонты Павел ис отставкæйы. Цæры Киевы. Зæрдиагæй архайы фæсивæды æфсæддон — патриотон хъомылады.

БЗАРТЫ ГЕОРГИЙ

Советон Цæдисы Хъæбатыр Бзарты Георгий райгуырдис 1911 азы фыццæгæм майы, Рахизфарсы районы Зæронд Бæтæхъойыхъæуы, æххусæджы хæдзары. Каст фæцис хъæууон скъола, стæй Орджоникидзейы педагогон техникум. 1932 азы райдайæны куыста ФÆЛКЦ-йы Цæгат Ирыстоны обкомы. Уыцы аз Бзарты Георгимæ фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм. Бацыдис Орджоникидзейы фистæгæфсæддон училищемæ, æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис 1936 азы.

1939 — 1940 азты архайдта урсфинтимæ хæсты. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Георгийы снысан кодтой фистæгæфсæддон батальоны командирæй. Фашисттæ Карелимæ куы бырстой, уæд сæ ныхмæ хъæбатыр тох кодтой Георгий æмæ йæ хæстонтæ. 1941 азы ноябры дæлбулкъон Бзары — фырт нысангонд æрцыд 61-æм æфсады штабы афицерæй. Знæгты ныхмæ хъæбатыр тох кодта Мæскуыйы æмæ Курскы къæлæты карз хæстыты.

1943 азы августы Бзарты Георгий ссис 32-æм гвардион фистæгæфсæддон полчъы командир. Уыцы аз булкъон Бзары-фырт йæ хæстонтимæ фашисттæй суæгъд кодта 35 горæты æмæ хъæуы.

1943 азы 29 сентябры æхсæвы Георгийы хæстонтæ ахызтысты цæугæдон Днепры сæрты æмæ уым æрфидар сты. Уымæй хорз фадат радтой нæ хæстонты æнтыстджын размæбырстæй. Уыцы аз 23 ноябры фашисттæ ты танкты ныхмæ хæсты Георгий фæцис уæззау цæф æмæ амард.

1944 азы 15 январы Бзарты Георгийæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Æхсарджын командиры номыл горæт Орджоникидзейы, стæй Бесланы ис уыдтæ.

ДАВЫДОВ ЛАДО

Владикавказы кусæджы бинонты æхсæн, 1924 азы, 18 августы райгуырд Советон Цæдисы Хъæбатыр Давыдов Ладо Ширинщайы фырт. У ассириаг. Сахуыр кодта цыппар къласы. Куыста цырыхъгæнæгæй. Советон æфсадмæ йæм фæсидтысты 1942 азы. Йæ фыццаг хæсты бацыд Кавказы. Краснодары цур хæстыты Давыдов хæсты ранвта Ротæйы командиры æмæ æнтыстджынæй сæххæст кодта йæ хæс. Развæд сгарæт уæвгæйæ, архайдта Новороссийскы цур тохты, Таманы æрдæгсакъадах æмæ Хъырым суæгъд кæныны хæстыты.

1944 азы уыдис Прибалтикæйы фыццаг фронты, хæцыд Белоруссийы, архайдта «Багратион»-ы операцийы. 1944 азы 25 июны Ладо, Витебскы облæст сæрибар кæнгæйæ, развæдсгарджыты къордимæ баленк кодта Ныгуылæн Двинайыл «æвзаг» æрбакæнынмæ. Шарылинæйы хъæуыл хæсты байста штабы документтæ æмæ, ныццагъта знаджы 30 салдаты æмæ афицеры. Ладо уым фæцæф, фæлæ йæ хæстон хæс сæххæст кодта иттæг хорз. Уыцы карз тохы йæ æхсар, йæ лæгдзинады тыххæй Ладойæн Советон хицауад саккаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Госпитæлæй куы рацыд, уæд Давыдов ахуыр кодта горæт Рыбинскы танкты училищейы. Хæсты фæстæ рацыд æфсадæй æмæ æрцард Мæскуыйы. Кусы дзабырхуыйæн фабричы мастерæй. Зæрдиагæй архайы фæсивæды хæстон-патриотон хъомылады.

Ленины æмæ Фыдыбæсты хæсты ордентæ, бирæ майдантæ æвдисæн сты йе стыр ныфс, йæ лæгдзинадæн.

ИРОН АДÆМЫ НÆМТТÆ

Адæмы мыггæттæ, нæмттæ. Уыдон дæр сфæлдыстад сты. Адæмон сфæлдыстад. Иу бындур сыл ис, иу ратæдзæн. Абон дæр ма бирæ мыггæтты бындурты хуымæтæджы нæ зæлыниц нæмттæ. Ном у мыггаджы райдайæн. Æмæ куыд кадджын уыд нæ фыдæлтæм номæвæрæны куывд! Уæ цæстытыл ма ауайын кæнут: ирон хъæуы кæмæндæр райгуырд лæппу. Мæгуыр зæхкусæгæн дæр фæуæд. Уымæн фылдæр иузæрдиондæр хæстæджытæ æмæ хæларттæ уыд. Йæ хъæздыгдзинадмæ йын ничи хæлæг кодта, æфхæрд дзы ничи байæфта. Зæрдæйæ куыд парахат уыд, йæ цард дæр адæмы æхсæн — афтæ парахат. Æмæ йын-ну йæ зын куыд айстой, афтæ йæ цин дæр æнхъæвзта фæйнæрдæм. Сыхбæстæ, хъæубæстæ чысылæй-стырæй, зæрондæй-ногæй кæрæдзийæн æхсызгонæй дзурынц ног хабар, хæрзæггурæттаг агурынц бинонтæй, хионтæй. Уæлдай буцдæр æмæ амонджындæр та-ну уыд фыд. Зæронд Нана æмæ Дада сæ цин нæ уромынц. «Куывд, куывд, лæппуйы куывд!» — домынц сæ хистæртæ. Кæхцхæссыны хæсы бахаудтой каистæ. Æмæ йыл цин кæнынц, сæ хæрдзтæе ницæмæ дарынц.

Лæппуйы куывд тагъд цæттæ кодта. Уымæн æмæ йыл ном дæр æвæрын хъуыд. Иу ахæм зæрдæрайгæ бон-ну адæмы фарнæй байдзаг ноггуырды хæдзар. Уæд ирон адæм абонау сæ къæбæр уæй нæ кодтой. Хорз ракæндæн æхцайæ нæ — зæрдæйы хорзæхæй дзуапп лæвæрдтой, æмæ зæрдæйы хорзæх кадавар нæ уыд, сæ мæгуыр фынг дæр-ну æгъдауæй, хъæлдзæгдзинадæй уымæн фидыдта. Кæрæдзийы циныл кæнгæ митæй нæ, фæлæ æргом æмæ зæрдæйæ цин кодтой.

Даргъ ирон фыныджы фарсмæ-ку фæхсбандæттыл рабадтысты хистæртæ. Кæстæртæ — хъазты æмæ лæггадгæнджытимæ. Алкæй æнхъæлмæкаст дæр дзы уыд æртыккаг — ноггуырды цæрæнбоны тыххæй сидтмæ. Хистæртæ ном æвæрыны фадат кæд ратдзысты. Æмæ мæнæ æрхæццæ уыцы рæстæг. Ноггуырды мады хуызисæг, æмдзуарджын кæнæ къухыхæцæг сыгъдæг гæххæтты сыф æмæ кърандасимæ февзæрд хистæрты раз. Уырдыгæй-ну адæмы фæрсын райдыдта ноггуырдыл ном сæвæрын кæй, стæй йæ цавæр фæнды (бархйæ уыд), уымæй, суанг хъазты фæсивæды дæр. Бинонтæ уарзон кæмæн уыдысты, æмæ сæ йæхимæ ноджы æввахсдæр æрбакæнын кæй фæндыд, уыдон-ну хуыздæр нæмттыл раджы ахъуыды кодтой æмæ сын цæттæ уыдысты. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыдис-ну ахудыны тыххæй æрбаймысгæ, кæнæ мыггаджы зæгуыдзæгдæры ном чи загъта, ахæмтæ. Уыдон-ну фылдæр уыдысты фыды фыды кæнæ фыды хæлæрттæ.

Нæмттæн сæ бакомкоммæ фыстой, чи сæ дзырдта, уыдоны. Номхыгъды хъуамæ æмхуызон ма уыданккой дыууæ дæр. Уый фæстæ сæ хæлттæ æппæрстой. Фылдæр хатт та сæ хастой бинонты хинбар тæрхонмæ. Уыдонæн-ну, чи цы ном загъта, уый та уыд сусæггаг, цалынмæ ном бинонтæ равзарой, уæдмæ. Цæмæй-ну æвзарот цыдис, чи йæ æвзарын, уымæн нæ. фæлæ бинонтæн йæ зæл куыд æвзахс у, уый бындурыл.

Уый фæстæ-ну хабар фехъусын кодтой бадты адæмæн, куывддзæтæн æппæтæн. Хистæртæ-ну ноггуырды ном дзургæйæ сидт уырдыг лæугæйæ рауагътой йæ цæрæнбоны тыххæй, фæдзæхстой йæ æппæт заедтæ æмæ дауджыты, мыггагæн нæ, фæлæ хъæубæстæн, комбæстæн, æнæхъæн Ирыстонæн дæр кад куыд скæна, ахæм хорзæх сæ куырдтой.

Æндæр уыдис чыздæгы райгуырд. Йæ фæзыны чи цин кодта йæ мадæй, сæйы пот æрцæгмæ кæмæн нæ цыд, уыдонæй фæстæмæ. Ном дæр ыл æвæрдтой сылгоймæгтæ авдæнбæттæны фыдымады, кæнæ мады æмæ ходыгъды фæндонæй. Бирæ чыздæгыты фæстæ чи гуырд, уыдонæн сæ нæмттæ цæттæ уыдысты: Налхъуыди, Налхъуыдтæ, Цæмæнхъуыд, Мамæла. Лæппу кæмæн нæ цард, уыдон та пайда кодтой адæймаджы нæ, фæлæ миниуæг, æууæл æмæ цæрæгойтимæ баст нæмттæй: Фидар, Болат, Авдан, Астан, Цæра, Цæрæг, Саукуыдз, Куыдзæг, Гæбыла, Мила, Хъæвдын, Гæвдын. Гæди, Мыст, Бындз, Цот кæмæн нæ цыд, уыдон фу-фу кодтой сæ ноггуырд чыздæгыты дæр æмæ сыл æвæрдтой Хъуыдинæ, Фарнæ, Уарзатæ. Афтæмæй сæ хъаххъхъæдтой низ æмæ цæст хизæй. Цæрæгойты номæй, дам, сæм куы дзурæм, уæд сæ бинонтæн фыдбылыз хæссæг бардуаг нæ бафиппайдзæн.

Ноггуырдыл фылдæр æвæрдтой зындгонд адæймæгты, хъæбатырты, нæртон адæмы нæмттæ. Фæлæ-ну уайтагъд йæ фарсмæ фæзынд мады ном дæр. Уый фæстæ ма йæ удыхъæды миниуджытæм гæсгæ сыхбæсты, кæнæ æмцаххæнты фæсномыг дæр. Афтæмæй-ну ныр дæр адæймагыл æртæ номæй кæцы ныффидар уыдзæн, уый зын зæгъæн вæйы. Цахæм лæг дзы рауадзид, уымæ гæсгæ. Кадджын, æфсармджын, — уæд йæ ном æвæрæджы, адæмæн уарзон — мады æмæ ницы-мацæмæн та — йæ фæсномыг. Фæсномыгыл-ну йæ хицау цалынмæ фæцахуыр, уæдмæ цæмæй ма мæсты кæна, уый тыххæй зæрдæлхæнæн дзырдтой: цæй цæуыл тæвд кæныс, ном фездæхынæн у æмæ цыфæндыдæр уæд. Афтæ рауайы бирæ хатт мах рæстæг дæр.

Уый раст хъуыды нæ уыд, уæд дæр, уæлдайдæр та — абон. Ном æрмæст фездæхынæн нæу. Уый адæймагыл æвæры бæрнондзинад, хæссы æмоционалон уæз æмæ фарн. Тынг ахады адæймаджы мидкультурæ, мидахаст æмæ йе 'гъдауыл. Номы аккаг чи нæ разыны, уый схынджылæггаг вæйы. Уымæ гæсгæ раст нæу æгæр стыр нæмттæ дæттын. Уымæй уæлдай ма ирон адæм иу рæстæджы се 'ргом аздæхтой зындгонд адæймæгты мыггæттæй æмæ цаутæй нæмттæ аразынмæ: Маркс, Вилен, Энгельс, Пушкин, Киров, Торез, Ким, Ревмирæ, Марклен, Мельс æмæ æндæртæ. Уый бынтон анв нæу. Хъуамæ алы нацийæн дæр бæрæг уа, цы номæй йæм бадзурой, уый. Йæ æвзаджы хæдхуыз уой йæ нæмттæ дæр. Æнæуый дæр ирон нæмттыл тынг зыны чырыстон æмæ пысылмон дикты тæваг. Дунеон нæмттæ ирон адæммæ æрбафтыдысты гуырдзыйæ, уырысæй æмæ тюркаг адæмтæй. Уымæй уæлдай ма сыгъдæг алайнаг нæмттæм арæх æфтауæм ирон æвзагæн æцæгæлон фæсæфтауæнтæ бег, хан, хъо. Зæгъæм, Æхсарбег, Дударыхъо, Дзæнæтхан. Цымæ æнæ уыцы уæлæфтуантæй рæсугъддæр не сты.

Фæстаг рæстæг ирон адæм сæхи æмбарын райдыдтой, æмæ сæ удварн хъæздыгдæр кæны. Уымæн æвдисæн, сæ ноггуырдтыл фылдæр ирон æвзагæй æвзæрæ нæмттæ кæй æвæрынц, уый дæр.

Уый хъыгдæмæ мыхуыр кæнæм ирон адæмы нæмттæ номхыгъд. Уырдым хаст æрцыдысты ирон æвзаджы цæджджинаджы чи сфыхт, æвзаджы хуыз чи райста, ахæм æцæгæлон нæмттæ дæр. Номхыгъд аразгæйæ спайда кодтам чиныг «Справочник личных имен народов СССР» (Москва «Русский язык», 1987), Æрыдоны районы газеты Цогойы-фырты мыхуыргонд нæмтты номхыгъд æмæ республикæйы алы хъæутæй, горæттæй редакцимæ цы фыстæджытæ дæуын, уыдоны бæрæггæнæнтæй.

ЦГЪОНТЫ Хазби.

чъы хæстонтæ ныуурæдтой знæгты тыхджын размæ бырст. Хæстон хæслæвæрд æрцыд æххæстгонд. Зынгæрдæг командир æнæнхъæлæджы фæмард минæйы схъæстæй.

1944 азы 10 январы Æхсараты Энверæн йæ мæлæты фæстæ лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Иæ номæй йыл схуыдтой 227-æм фистæгæфсæддой полкъ. Энвер нырæд æрцыд горæт Харьковы. Ам ын ис цыртдæвæн, йæ номыл уынгтæ. Уынг æмæ цыртдæвæн æвæрд æрцыд Хъæбатыры райгуырæн хъæу Зилгæйы дæр. Энверы ном хæссынц Рахиафарсы скъолаты ногдзауты къордтæ.

афицеры. Батальоны хæстонтæ ма байстой знæгты хæцæнгæрзты æвæрæнтæ. Ацы хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинады тыххæй Сергей Батышевæн 1944 азы лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном. Уый фæстæ ма Батышев архайдта Польшæйы знæгтæй ссæрибар кæныны карз хæстыты.

1945 азæй фæстæмæ майор Батышев нæ запасы. Цæры Мæскуыйы. У педагогон наукæты Академийы академик. Зæрдиагæй архайы фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады. Иæ хъæбатырдзинады тыххæй Батышевæн лæвæрд æрцыд Ленины, Сырх Тырысайы, Фæллойадон Сырх Тырысайы, Александр Невскийы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фыццаг æмæ дыккаг къæпхæны, Сырх Стъалыйы ордентæ æмæ майдантæ.

фашисттæй ссæрибар кæныны тугналæн хæстыты. Цалдæр хатты Павел фæцæф.

1944 азы 24 мартъийы æхсæвы гвардийы 681-æм полкъ цæугæдон Днепры сæрты æнтыстджынæй ахизгæйæ, фашисттæй ссæрибар кодта Винницкы облæсты хъæу Липчаны. Æртæ боны карз хæстыты полчъы хæстонтæ ныддæрæн кодтой 3 танчы, хæцæнгæрзтæй дзаг 60 автрмашинæйы, уацары райстой 150 немыцаг салдат æмæ афицеры. Хæсты фæстæ Павел фæцис М. В. Фрунзейы номыл Æфсæддон академи, уый фæстæ та Генералон Штабы Æфсæддон академи.

1980 азæй фæстæмæ инæлар-булкъон Билаонты Павел ис отставкæйы. Цæры Киевы. Зæрдиагæй архайы фæсивæды æфсæддон — патриотон хъомылады.

1943 азы августы Бзарты Георгий ссис 32-æм гвардион фистæгæфсæддон полчъы командир. Уыцы аз булкъон Бзары-фырт йæ хæстонтимæ фашисттæй суæгъд кодта 35 горæты æмæ хъæуы.

1943 азы 29 сентябры æхсæвы Георгийы хæстонтæ ахызтысты цæугæдон Днепры сæрты æмæ уым æрфидар сты. Уымæй хорз фадат радтой иæ хæстонты æнтыстджын размæбырсты. Уыцы аз 23 ноябры фашисттæ ты танкты ныхмæ хæсты Георгий фæцис уæззау цæф æмæ амард.

1944 азы 15 январы Бзарты Георгийæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Æхсарджын командиры номыл горæт Орджоникидзейы, стæй Беслæны нс уынгтæ.

цагъта знаджы 30 салдаты æмæ афицеры. Ладо уым фæцæф, фæлæ йæ хæстон хæс сæххæст кодта иттæг хорз. Уыцы карз тохы йæ æхсар, йæ лæгдзинады тыххæй Ладойæн Советон хицауад санкаг кодта Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Госпитæлæй куы рацыд, уæд Давыдов ахуыр кодта горæт Рыбинскы танкты училищейы. Хæсты фæстæ рацыд æфсадæй æмæ æрцард Мæскуыйы. Кусы дзабырхуыйæн фабричы мастерæй. Зæрдиагæй архайы фæсивæды хæстон-патриотон хъомылады.

Ленины æмæ Фыдыбæсты хæсты ордентæ, бирæ майдантæ æвдисæн сты йе стыр ныфс, йæ лæгдзинадæн.

Нæмттæн сæ бакомкоммæ фыстой, чи сæ дзырдта, уыдоны. Номхыгъды хъуамæ æмхуызон ма уыдаиккой дыууæ дæр. Уый фæстæ сæ хæлттæ æппæрстой. Фылдæр хатт та сæ хастой бинонты хибар тæрхонмæ. Уыдонæн-ну, чи цы ном загъта, уый та уыд сусæгтаг, цалынмæ ном бинонтæ равзарой, уæдмæ. Цæмæй-ну æвзæрст цыдиад, чи йæ æвæры, уымæ нæ, фæлæ бинонтæн йæ зæл куыд æвдахс у, уый бындурыл.

Уый фæстæ-ну хабар фехъусын кодтой бадты адæмæн, куывддзаутæн æппæтæн. Хистæртæ-ну ноггуырды ном дзургæйæ сидт уырдыг лæугæйæ рауагътой йæ цæрæнбоны тыххæй, фæдзæхстой йæ æппæт зæдтæ æмæ дауджытыл, мыггагæн нæ, фæлæ хъæубæстæн, комбæстæн, æнæхъæн Ирыстонæн дæр кад куыд скæна, ахæм хорзæх сæ куырдтой.

Æндæр уыдис чызджы райгуырд. Иæ фæзындыл ничи цин кодта йæ мадæй, стæй цот æрæгмæ кæмæн нæ цыд, уы-

дзинады тыххæй»-ы курдиатмæ гæсгæ æхсæнады бафарсты бæрæггæнæнтæ.

Бафарстæй рабæрæг: американцы 81 проценты хорзыл нымайынц ССР Цæдисы æргомдзинады æмæ рацарæзты политикæ; 65 процентмæ гæсгæ Советон Цæдисæй тас нал у АИШ-ы национ æдасдзинадæн; 75 проценты хъуыдымæ гæсгæ ССР Цæдис æмæ скæсæневропæйаг бæстæтæ азæй-аз æнтыстджындæр цыд кæныны демократийы фæндагыл.

ИУМÆЙАГ КУЫСТУÆТТÆ АИШ-имæ

ВАШИНГТОН. (СЦТА). «АИШ-ы æмæ ССР Цæдисы нумæйаг куыстуæттæн ис стыр ахадындзинад дыууæ бæстæйы 'хсæн базарадонэкономикон æмгуыстад парахат, сты ахсджиаг санчъех дыууæ бæстæйы 'хсæн аха стдзинæдтæ хуыздæр кæныннæн. Сæ саразын у, сæ фæстиуджытæй, чи зоны, нæ политикон цардарæзтытæ æмæ культурæты æмгуыстады æнтыстдзинад арæзгæ кæмæй у, ахæм тынг зын фæлварæн». Ахæм ныхæстæ загъта американ-советон базарады фæдыл æмбырды разамонæг Маргарет Чэпмэн, американ-советон ахастдзинæдты фæдыл комитет АИШ-ы хъуыддаджылæуд фæлтæрты минæвæрттæн цы конференци сарæзта, уый гом кæнгæйæ.

АИШ-ы 150 компанимæ 'ввахс æрдардтой сæ хъус советон æмгуыстгæнджытимæ нумæйаг куыстуæттæ саразынмæ, уый бацамонгæйæ, профессор Пол Лоуренс загъта: «Дыууæ бæстæйы хсæн æмгуыстады гæнæн у егъау æмæ дзы спайдарæнæн ис тæккæ хæстæгдæр рæстæг».

МÆНГ ХÆРЗИУДЖЫТÆ

УЛАН-БАТОР. Манголы Адæмон-революцион партийы æмæ Манголы Адæмон Республикæйы раздæры разамонæг Ю. Цеденбалæн байстой МАР-ы Хъæбатыры, МАР-ы Фæллойы хъæбатыры, МАР-ы маршæлы нæмттæ. Ахæм уынаффæ рахаста МАР-ы Стыр адæмон хуралы президиум МАРП-йы ЦК-йы 1990 азы VIII пленумы уынаффæтæм, паддзахадон, æхсæнадон организацити, партийы уæнгты æмæ фæл лойгæнджыты курдиæттæм гæсгæ, фыссы газет «Унэн».

Сухэ-Баторы, Фæллойы Сырх тырысайы ордентæ æмæ орден Полярон стъалы, МАР-ы культурæйы сгуыхт кусæджы ном ист æрцыдысты йæ ус А. И. Цеденбал — Филатовайæн дæр, паддзахадон хæрзиуджытыхæй уагæвæрдмæ гæсгæ йын лвæрд кæй не 'рцыдысты, уымæ гæсгæ. Партимæ паддзахады размæ йæм ницы сгуыхтдзинæдтæ ис.

ÆМБАР УАВÆРЫ

ПЕКИН. Китайы æмæ Советон Цæдисы 'хсæн ахастдзинæдтæ банывыл кæныны тынг фæахъаз дыууæты базарадон-экономикон æмгуыстад парахат кæнынæн. 1989 азы китайаг-советон базарад схыст 3 миллиард доллæрмæ. Ацы аз уыцы æмгуыстад фæуыдзæн ноджы парахатдæр дыууæтæн дæр пайдайы æмæ æмбарады бындурыл. Афтæ загъта агентад Синьхуайæн КАР-ы æддагон экономикон бастдзинæдты æмæ æддагон политикæйы министрады минæвар Луань Чуньпин.

Советон Цæдис, дзырдта уый дарддæр, ныртæккæ у Китайы базарадон егъаудæр æмгуыстгæнджытæй ну. 80-æм азты КАР уырдыгæй æрбаласта 7,8 милуан тоннæйæ фылдæр æндон, 15 милуан кубометрæй фылдæр хъæдæрмæг, 119 мин автомобилы æмæ моторы, дæс æмæ дыууиссæдз хæдтæхæгæй фылдæр.

Китай йæхæдæг та Советон Цæдисæн радта 600 мин тоннæйæ фылдæр дзидза, 630 мин тоннæйы дыргътæ, æндæр хъæууонхæдзарадон продукци.

ÆМÆХСÆНÆДТЫ БÆСТЫ — ЦÆДИС

ПАРИЖ. Франгы президент Ф. Миттеран æмæ ФРГ-йы канцлер Г. Коль нумæйаг письмо арвыстой ныртæккæ европæйаг æмæхсæнады сæрдариуæггæнæг Ирландийы премьер-министр Ч. Хохимæ.

«Ныртæккæ Европæйы цыарф ивддзинæдтæ цæуы, уымæ Ныгуылæн Европæйы нумæйаг базар саразын æмæ тагъд европæйаг æмæхсæнæдты бæстæтæ экономикон æмæ валютон цæдис кæй сараздзысты, уыдæттæ хынцгæйæ, мах, æнæмæнг, хъæугæйыл нымайæм æмæхсæнады дыууадæс бæстæйы политикон иудзинад фæтагъддæр кæныннæн». Ралæууыд Европæйаг æмхæсæнадæй Европæйаг цæдис саразыны æмæ «йын хъæугæ архайдæн фæрæзтæ раттыны сахат».

Ацы къамы уынут шведаг газет «Афтонбладет»-æй ист плакат, йæ автор карикатурист Эвка. Денджыз нефтæй афтæ байдзаг, æмæ дзы маргъæн йæ бон стæхын дæр нал у.

СЦТА-йы фотохроникæ.

ÆЛ ЦÆСТ АХÆСС ДУНЕЙЫЛ

Нæлгоймаджы нæмттæ

А

Абади	Адылджери	Алекси	Андруш	Аслан
Абаци	Адзæбе	Али	Андо	Аслæмырзæ
Абæ	Адзыбе	Алим	Анду	Аслæнбег
Абе	Азан	Алик	Андухъапар	Аслынбег
Аби	Азанбег	Алимырзæ	Аппе	Аслæнджери
Абри	Азæмæт	Алисо	Аппег	Аслæныхъо
Абро	Азджери	Алистъор	Арамбег	Асе
Абхаз	Азо	Алихан	Арæби	Асса
Абырæг	Азрæт	Алмахситт	Арешо	Астан
Авгар	Азуба	Алум	Армен	Астархан
Авдан	Азырым	Алхаз	Арон	Астемыр
Авди	Айларыхъ	Алхæст	Арсæг	Атарбег
Авдул	Айдар	Алык	Арсæмæт	Ауызби
Авлæг	Айдемыр	Алыксандр	Арсæмæт	Афа
Аврам	Айлар	Алыкси	Арсу	Афай
Аге	Айтег	Алыксы	Арыпп	Афæхъо
Агкан	Ака	Алыкка	Асан	Ахамбег
Агыса	Аккæ	Алымбег	Асæбе	Ахберд
Агуй	Акко	Альццæ	Асæби	Ахбол
Агуыбе	Акса	Амбег	Асæге	Ахболат
Агуыбечыр	Аксо	Амран	Асæго	Ахруман
Агуыдз	Алан	Амыран	Асæпп	Ахуы
Агъуылби	Алæг	Амзор	Асæх	Ахуырбег
Адæбе	Алæго	Амырхан	Асæхмæт	Ахъмырзæ
Ади	Албег	Анди	Асæ	Ацæ
Адто	Алыбег	Андри	Аслам	Ацæмæз
Адыл	Але			Ацце.

Æ

Æбу	Æмзор	Æндре	Æфсадæг	Æхсарбег
Æгко	Æнзор	Æнхъæл	Æфсатн	Æхсæртæг
Æдта	Æндри	Æрæф	Æхсар	Æчче.
Æлбор				

Б

Бабе	Байтн	Батырбег	Бæппу	Бедза
Бабег	Байыр	Батырби	Бæртæлæг	Безан
Баби	Бакар	Батджерн	Бæргъуан	Беза
Баги	Баппи	Бацко	Бæтæ	Бекызæ
Бадæг	Бардзин	Бацкъо	Бæтæг	Беки
Баде	Барсæг	Баце	Бæтæдзе	Бекки
Бадетт	Барту	Бачче	Бæтæзи	Бекмырзæ
Бади	Басил	Баччери	Бæтæре	Бекмæрза
Бадела	Барысби	Бæби	Бæтæхъо	Бексолтан
Бадила	Батге	Бæбæла	Бæтти	Бено
Бадрн	Бадджерн	Бæбу	Бæтъа	Беппо
Бадти	Бате	Бæгъатыр	Бæцæни	Берд
Бадзи	Батег	Бæда	Бдо	Беро
Бадзо	Бати	Бæдæлæг	Бебе	Беру
Базыр	Бато	Бæдзе	Бег	Бесæ
Базыг	Батрадз	Бæдзег	Бега	Бесыгъуыр
Бай	Батраз	Бæза	Бедто	
Баймæт	Батыр	Бæппи	Бетъре	

(Уыдзæн ма).

ЦЫ ДЫН ЗАГЪДÆУА, ХЪЫСМÆТ...

Ацу æмæ ма 'рцуйы фæндаг уыцы æфсымæртæй иуæн дæр Стыр Елхоты 'никæй зæрдæ загътаид. Алчи йæ кæстæрты кæй хорз миниуджытыл фæхъомыл кæны, кæй хорз удыхъæдмæ, лæгдзинадмæ фæбæллы, ахæмтæ уыдысты Цомартаты æртæ æфсымæры.

Æмæ мæнæй дæр ма — ахæм мад æмæ фыды цот уыдысты. Сæ фыд Агуыбечыры фæлмæн, хъазæн ныхас ныр дæр ма зæлы, иунæг хатт æй уæд та чи фехъуыста, уыдоны хъусты. Сидзæртæй раджы баззайæг сабиты схæсслег фæлмæн Фырдийы зæрдæскъæфæг мидбылхудты рæвдыд æмæ хъарм ныр дæр ма цыма хъары, афтæ рæдау сæ цы æппæт хъæубæстæн лæвар кодта, уыцы иудадзыджы мидбылхудт.

Хорз ма хъуыды кæныи, сæ хистæр Хъауырбег-иу Елхоты хæстон тæхæджы дарæсы куы фæзынд, уæд-иу аивæй йæ фæдыл зилынæй куыд нæ фæлладыстæм, куыд сæрыстыр, куыд хъал дзы уыдыстæм, куыд æм бæллыдыстæм æмæ нæ сусæг фæндты уый хуызæн суæвыны фæндтæ куыд карстам, уый.

Ноджы ма иу хаттæй инæмæ уæлдæр цинимæ цыдис. Фæлæ йæм кæсынæй æппын та нал æфсæстыстæм' Хæстон-уæлдæфон академи куы фæцис, уæд. Фæстаг хатт ма йæ федтам хæсты тæнкæ размæ ныры дæлбулкъоны ном хæссгæйæ. Хъырымимæ баст уыдис йе 'ппæт æфсæддон службæ, Хъырымы йæ æрæййафта хæст æмæ йæ тæнкæ райдайæны уым аскъуыд йæ цард.

Уыил бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæмæй Цомартаты хæдзармæ балæвæрдæуыд дыккаг сау гæххæтт. Цыбырæй дзы загъд уыдис: цъаммар знаджы ныхмæ тохы хъæбатыр мардæй фæмард Цомартаты Агуыбечыры фырт Дзæрæхмæт.

Цæстытыл уайыщц, уыцы кадавар ныхæсты цас хъæздыг мидис, цас æрдхæрæн лæгдзинад, Райгуырæн бæстæмæ æмæ адæммæ цас æгæрон уарзондзинад бацыд, уый. Цы гæнæн ис, хъæубæстæ йæ фидауцыл кæй нымадтой, йæ сæр бæрзонд кæмæй 'хаста, уыдонæй бирæтæ лæгæй-лæгмæ, риуæйриумæ бахъуыд æвирхъау хæцæнгарзджын æгъатыр знагимæ, уæлдай зæрдæрисы хос у, се 'хсар, сæ ныфсы æвдисæнтæй къухы кæй ницы æфты, уыцы бонты цаутæ, искуы-иуæй фæстæмæ, æбæрæгæй кæй баззадысты, уый.

Бирæ амондджындæр нæ разынд кæстæр æфсымæр Батрадзы хъысмæт дæр. Агуыбечырæн цыппæрæм хъæбулæн куы фæзынд, уæд йæ бинойнаг ахицæн æмæ йæм æрхатыдысты йе 'фсымæр Сослæнбег æмæ йæ бинойнаг Ханысиат — кæстæрæй сæхицæн скодтой фырт. Æмæ цыхуызæн сæрæн рауад, цы! Æмгæрттæ уыдыстæм, иу сыхы, кæрæдзи комкоммæ, иу цардæй фæцардыстæм кæрæй-кæронмæ æмæ йыл мæ дис бонæй-бон фылдæр кодта, афтæ ивгæ цыдис æппæт хъуыддæгты дæр хорзырдæм. Хæдзары куыстытæ акодта, зæгъгæ, уæд уайтагъд йæхи чингуытыл ныццавтаид. Уымæй кæсгæ та цы нæ кодта — наукон, аивадон, политикон... Абон дæр æй не 'мбарын, уыйбæрц ын æнтысгæ та куыд кодта, уый.

Рацæй-рабон, æмæ цын иу ахæмы ныццæлхъ ласта: ахуыр кæнынмæ цæуын горæтмæ, аэроклубмæ. Нæй, нæ йæ суагъта цух сæ хистæр Хъауырбегмæ бæлліц, йæ бон нал уыд цъæх арвмæ æнæмæтæй, куыдфæндыйæ кæсын, æмæ йæм сфæнд кодта слæгæрдын.

Чидæриддæр æй зыдта, уыдонæй иумæ дæр мисхал гуырысхо нæ уыд, аэроклубы Батрадз æппæтæн уарзон, æппæтæн фæзминаг уыдзæн, уууил. Цы йе 'мбисонды уæзданзинад, цы йæ уæнгты равæрд, цы йæ зæрдæйы, йæ зонды конд, йæ бирæ-бирæ зонындзинæдтæ. Хъуыды ма йæ кæныи, нæ сыхæн куыд бæрæгбонау уыд, хæдзарæй-хæдзармæ хæрзæггурæггагау куыд уадысты, Батрадз аэроклуб тыиг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæцис æмæ йын къухылдаргæ сахат ралæвар кодтой, зæгъгæ, уый. Тыхсгæ дæр ма скодта арфæтæ æмæ хъæбыстæй, фæлæ та йыл ам дæр фæтыхджын йæ хæдæфсармдзинад: «Цей ма, — ныфсæрмыхуыз ис, — уым цыхуызæн лæппутæ уыдис, уый куы зоникат...». Ныр æй мах та зыдтам, Батрадз дзы истæмæй кæмæ бахæлæг кодтаид, ахæмтæ кæй нæ уыд.

Уалынмæ райдыдта уыцы æнæхайыры хæст. Тæккæ фыццаг бон Батрадз бамбарын кодта йæ фидар фænд: хъуамæ суа хæстон тæхæг. Æмæ ссис, сæрмагонд скъола каст фæуæвгæйæ.

Нæй, стыр хъыгагæн, нæй, амæн дæр йæ хæстон хабæрттæ бæлвырдгæнæг æвдисæнтæ. Хорз, æмæ сæхимæ Алагирмæ писмо сæрвыста, Батрадзимæ æфсымæры цардæй чи ацард, йæ ахæм æмбал тæхæг Фардэинты Темботт. Рухсаг уæд, фыдцæфтæй ма сæмбæлд хæдзарыл æмæ уым амард.

«Куыд æй ныффыссон, — Ханджери, зæрдæ йæ нæ комы, ахæм уæзаау цæф мыл сæмбæлд 30-æм мартъийы.

Хорз æмгар уыдис мемæ. Цы бон æй базыдтон, уыцы бонæй фæстæмæ кодтам дыууæ æфсымæры цард. Ирыстонæй дæр иумæ æрцыдыстæм. Мæнæн ныр тыиг зын у иунæгæй, фæлæ гæнæн нæй.

Батрадзæй нæ хицæуттæ тыиг бузныг уыдысты. Æгъдауджын, зонджын лæппу уыд. Æдзухдæр æй нымадтой фыццæгтимæ. Бирæ хæттыты райста арфæйы ныхæстæ.

'Не 'хсæнæй ацыдис нæ зынаргъ æмгар Цомартаты Батрадз. Фæмарди, уæлдæфон æфсады рæнхъыты уæвгæйæ, нæ уарзон бæстæ немыцаг фашисттæй хъахъхъæнгæйæ. Кад æмæ йын намыс. Æнустæм сæ иæмтæ цæрдзысты Цомартаты Батрадзы хуызæн тæхджыты хуызæттæн».

...Уыцы бон дæр та хъуынтъыз ахаста. Сæ хъуыддæгтæ раздæрау тугыл кæмæн нал скъуыдысты суанг Волгæмæ æмæ Кавказмæ балæгæрдыны фæстæ, уыцы фашисттæ кодтой знæтæй-знæтдæр. Мартъийы уыцы бон дæр не 'фсæдты сæрмæ арв сæхгæдтой сау дзуарджын мæлæтхæссæг хæдтæхджытæ. Сæ хæдтæхджыты раздæр чи абадт æмæ йæхи уæлдæфмæ æдæрсгæ чи систа, уыдонæй иу уыдис Цомартаты Батрадз дæр. Уыцы тæвдæй, знагмæ уыцы судзгæ æнæуынондзинады уавæры ма чи фембары, йæ ныхмæ чи æмæ цас ис, уый. Бæргæ, иунæг цæфæй сæ базгъæлæнтæ кæи æмæ нæхиотыл сæ иунæг нæмыг, сæ иунæг бомбæ сæмбæлын дæр ма бауадз...

Батрадз равзæрста фашистон хъæрцыгъатæй иу, йæ хæдтæхæг æмдæхгæр дæлæмæ «æрæппæрста», стæй, фашисты «гуыбынмæ» йæхи саразгæйæ, раст афтæ æмдзæхгæр фатау хæрдмæ дæр систа йæхи, пулеметты æлхывæнтыл æрбахæцыд, æмæ дæ фыдгулы базайраг дæр афтæ — фашистон хæдтæхæг сау пиллон скалдта, йæ фындз «фæсагъта» æмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыд.

Ныр эын зæгъæн у, уыцы хабар фенджытæ цæмæй зоныиц уыцы иудуг исдуг Батрадзы зæрдæйыуаг, йæ уаваер. Фæлæ, æвæццæгæн, йæ амæттагыл цин æгæр ахаста, йæ алыварс цытæ цæуы, уый дзы æрбайрох, йæхи нæ бахызта æмæ йыл немыцæттæ цыккалдтой...

Уый уыдис 1943 азы 30-æм мартъийы. Батрадзыл сæхæст ссæдз азы...

ДЗУГАТЫ Б.

Телеуынынад

БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 24 АПРЕЛЬ. ДЫЦЦÆГ

17.00 — Ирыстон абон. 17.20 — «Æнусы кар: мæ кæстæртæ». Комсомольскыхъæу. 17.35 — Уæлахизы 45 азы бонмæ. Телевизион клуб «Сырх стъалы». «Номарæн». 18.05 — Рекламæ. 18.15 — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сессийы. 18.45 — Ирыстон абон. 19.15 — ЦТ. Хоккей. Дунейы чемпионат.

25 АПРЕЛЬ. ÆРТЫЦЦÆГ

16.00 — Ирыстон абон. 16.20 — «Не принимая присяги». Телекиноныв. 16.45— «Ærдхæрæны лæвар». Киноочерк цæстыты низты тагъд æххуысы клиникæйы куысты тыххæй. 17.00 — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сессийы. 17.30 — Ирыстон абон. 18.00 — ЦТ. ССР Цæдисы Сæйраг Советы сессийы.

26 АПРЕЛЬ. ЦЫППÆРÆМ

16.50 — Ирыстон абон. 17.10 — Аивæдты дунейы. Тележурнал. 18.00 — Рекламæ. 18.05—«Фыды фарн». Фæлтæрты эстафетæ. 18.35 — «Боны интервью». Студийы — Цæгат Ирыстоны хæххон-геологон иртасæг экспедицийы сæйраг геолог О. А. Гончаренко. 19.00 — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сессийы. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — «Одна капля». Мультфильм. 20.15 — Нысах кæнæм СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проектыл.

Радио

БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 24 АПРЕЛЬ. ДЫЦЦÆГ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 15.30 — «Уалдзыгон æрсидт». Нысах Советон районы æфсæддон комиссар Гогичаты Б. А. 15.43 — Концерт. 18.00 — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сессийы. 18.25 — «Поэзийы суадæттæ». Цæгæраты М., Уырымты П. æмæ Тыджыты Ю. æмдзæвгæтæ. 18.50 — Хъусынгæнинæгтæ.

25 АПРЕЛЬ. ÆРТЫЦЦÆГ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз. Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 16.00 — Стыр Уæлахизы 45 азы бонмæ. Раныхæстæ фронты уæвджыты тыххæй. 16.25 — «Хъæууон клубы» (Ногир). 16.50 — Хъусынгæнинæгтæ, рекламæ. 18.00 — Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы сессийы. 18.20 — Концерт.

26 АПРЕЛЬ. ЦЫППÆРÆМ

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 18.00 — Бакаст Терчы хъазахъхъæрты тыххæй. 18.25 — Музыкæйы изæр. 18.50— Хъусынгæнин æ г т æ, рекламæ.

БОНЫХЪÆД

Гидрометбюро куыд хъусын кæны, афтæмæй 24 апрелы нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы 18—23 градусы хъарм, горæт Орджоникидзейы — 18—20 градусы хъарм.

ЧИ ЦЫ АГУЫРДТА...

Стигъæг æрбаввахс кассæмæ, йæ къухы дамбаца, афтæмæй, æмæ бадомдта æппæт æхцатæ дæр радæттын. Уый уыдис американ штат Мичиганы горæт Даймондейлы. Кассейы кусæг Салли Далман æнæ уæлдай ныхасæй систа, лыстæг æхцатæ дæс килограммæй фылдæр кæм уыдис, ахæм къопп æмæ йæ фыдгæнæгыл ныццавта. Læг бадзойдзой кодта æмæ пъолыл адæргъ. Фæдксон дохтыртæ куыд загътой, афтæмæй стъигъæгæн йæ сæры магъз фенкъуыст.

ИСТОРИОН ЦÆРÆН БЫНÆТТÆ

УСФСР-йы Культурæйы министрады, УСФСР-йы Паддзахадон арæзтады, Æппæтцæдисон историон æмæ культурон цыртдзæвæнтæ хъахъхъæнæг организацийы уынаффæмæ гæсгæ ацы аз февралы фидаргонд æрцыд УСФСР-йы историон цæрæн бынæтты номхыгъд.

Цæгат Ирыстоны АССР-йы историон цæрæн бынæттыл нымад æрцыдысты горæттæ Орджоникидзе, Мæздæг, Алагир, поселоктæ Мызур æмæ Садон. Уый у стыр æхсызгон хабар æмæ мæ уый фæдыл Цæгат Ирыстоны АССР-йы Культурæйы фонды номæй зæрдиаг арфæтæ ракæныи фæнды нæ республикæйы æппæт цæрджытæн дæр. Уæлдайдæр та — Культурæйы министрады, музейты нугонд æмæ цыртдзæвæнтæ хъахъхъæнæг æхсæнады куыдзытæн. Уыдон стыр æвæрæн бахастой ацы ахсджиаг хъуыддагмæ.

Г. ФЕДОСЕЕВА,
Цæгат Ирыстоны Культурæйы фонды сæрдары хæдивæг.

ФУТБОЛ

БАЗОНГÆ СТЫ

«СПАРТАК» — «ТИРАС» — 3:0

Ирыстоны мингай футболурæзджытæ æмæ нæ командæ «Спартачы» спортсментæ дæр 20 апрелы онг зонгæ нæ уыдысты Молдавийы ССР-йы горæт Тирасполы футболон командæ «Тирас»-имæ. Уæвгæ командæ «Тирас»-ы агъоматдзинадимæ, нæ футболисты къухы нæ бафтыд хыгъд байгом кæныи. Рацыд æрмæст дыууæ минуты æмæ та нæ læппутæ ногæй абырстой уæзджыты иварон фæзмæ. Пурти ацахста Виктор Васильев, фæлæ йæ тыхджын цæф нысаныл нæ æрлæууыд. Уый фæстæ та нæ хъæбатыр футболистæ сæрыи кодтой Юрий Перескоковы дуары раз. Фæлæ та ацы хатт дæр Юрий сарæхст уæзджыты размæбырсджытæ Иван Гриды æмæ Николай Васильевы тæссаг цæфтæ «ахуыссын» кæныимæ.

Гъе, афтæ базонгæ сты орджоникидзейаг футболистæ се 'нæзонгæ уазæг Тирасполы командæимæ. Ирыстоны мингай футболурæзджытæ æмæ нæ командæ «Спартачы» спортсментæ дæр 20 апрелы онг зонгæ нæ уыдысты Молдавийы ССР-йы горæт Тирасполы футболон командæ «Тирас»-имæ. Уæвгæ командæ «Тирас»-ы агъоматдзинадимæ, нæ футболисты къухы нæ бафтыд хыгъд байгом кæныи. Рацыд æрмæст дыууæ минуты æмæ та нæ læппутæ ногæй абырстой уæзджыты иварон фæзмæ. Пурти ацахста Виктор Васильев, фæлæ йæ тыхджын цæф нысаныл нæ æрлæууыд. Уый фæстæ та нæ хъæбатыр футболистæ сæрыи кодтой Юрий Перескоковы дуары раз. Фæлæ та ацы хатт дæр Юрий сарæхст уæзджыты размæбырсджытæ Иван Гриды æмæ Николай Васильевы тæссаг цæфтæ «ахуыссын» кæныимæ.

Гъе, афтæ базонгæ сты орджоникидзейаг футболистæ се 'нæзонгæ уазæг Тирасполы командæимæ.

ЛÆГ БОНÆН ДИССАГ ХЪУСЫ

12 МЕТРЫ ДÆРГЪÆН... ЦУПАЛ

Францаг сæнæфсиргуыстгæнджытæ бæллыиц Гиннессы рекордты Чиныгмæ бахауынмæ, уынмæ аккаг æнтыстдзинадимæ. Æмæ сæ къухы бафтыд диссаджы сæнæфсиры цупал æрзайын кæныи, йæ дæргъ 12 метры кæмæн у, ахæм.

«ЗГЪÆРÆЙ» НÆМТТÆ

Малайзийæи фыдыбæстæйаг автомашинæтæ «Протон Сага» рауадзыны хъуыддаг йæ цæххыл слæууын кæныны куысты. Æмæ япойнаг тæ баззадысты сайды бынаты. Газет «Бизнес таймс» куыд хъусын кæны, афтæмæй англисаг автобазарты малайзиаг продукци æддæмæ рахæцыд «Мицубиси»-йæи йæхи раугъд автомобилтыл. Кæд малайзиаг машинатæ Англисы æрмæстдæр афедзы размæ фæзыидысты, уæддæр дзы

КÆСУТ ÆМÆ ХЪУСУТ

æмæ йæ тæккæ райдаæны уым аскъуыд йæ цард.

Уыл бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæмæй Цомартаты хæдзармæ балæвæрдæуыд комкоммæ, ну цардæй фæцар дыстæм кæрæй-кæронмæ æмæ йыл мæ дис бонæй-бон фылдæр кодта, афтæ нырæ цыдис æппæт хъуыддæгты ис, — уым цыхуызæн ' лæппæрын кодтой Юрий Перескоковы дуары раз. Фæлæ та ацы хатт дæр Юрий сарæхст уазджыты размæбырсджытæ Иван Грины æмæ Николай Васильевы тæссаг цæфтæ «ахуыссын» кæнынмæ.

Хъазты дыккаг æмбис дæр райдыдта фысымты ныббырстытæй. Иуæндæс минуты дæргъы уазджыты сæйраг сагъæс уыдис сæ дуар дарддæры «фыдбылызтæй» бахъахъхъæнын. Фæлæ уый сæ къухы нæ бафтыд. Нæ læппутæ, пурти кæрæдзимæ дæттæйæ, баввахс сты ногæй уазджыты иварон фæзмæ. Хъæцмæзты Игорь пурти балæвæрдта Тедеты Бахвамæ, уый йæ ногæй аппæрста размæ тырнæг Хъæцмæзты Игормæ, уый та — иварон фæзмæ Валерий Корнеевмæ æмæ йæ уый дыккаг хатт сæрæй бакъуырдта уазджыты хызмæ. Хъугъ ссис 3:0 спартаконты пайдайæн.

Гъе, афтæ базонгæ сты орджоникидзейаг футболисттæ се 'нæзонгæ уазæг Тирасполы «Тирас»-имæ.

Уыцы бон хъазыдысты фыццаг къорды командæтæ се 'ппæт дæр. Мæнæ сæ хъæзтыты бæрæггæнæнтæ: «Ростсельмаш» — «Факел» — 0:0, «Динамо» Ст. — «Локомотив» — 2:0, «Пахтакор» — «Металлург» — 2:1, «Кайрат» — «Нистру» — 1:1, «Локомотив» М. — «Нефтчи» — 2:1, «Кузбасс» — «Зенит» — 1:2, «Геолог» — «Кубань» — 3:0, «Шинник» — «Динамо» Сх. — 1:0, «Котайк» — «Таврия» — 0:0.

ГУЫБАТЫ Ч.

КОМАНДÆТЫ УАВÆР НЫРТÆККÆ

Командæтæ:	Ахаздыд:	Рамбылдта:	Æмдых:	Фæхæрд:	Пуртитæ:	Очкотæ
1. «Геолог»	4	3	1	0	6—0	7
2. «Металлург»	4	3	0	1	7—2	6
3. «Шинник»	4	2	2	0	5—1	6
4. «Динамо» Ст.	4	2	1	1	4—3	5
5. «Пахтакор»	4	2	1	1	6—5	5
6. «Нефтчи»	5	1	3	1	6—4	5
7. «Локомотив» М.	2	2	0	0	5—1	4
8. «Зенит»	4	1	2	1	3—3	4
9. «Ростсельмаш»	4	1	2	1	5—5	4
10. «Кайрат»	4	1	2	1	2—3	4
11. «Таврия»	5	0	4	1	1—2	4
12. «Котайк»	2	1	1	0	3—0	3
13. «Спартак»	2	1	1	0	4—1	3
14. «Факел»	3	1	1	1	3—2	3
15. «Нистру»	4	0	3	1	4—7	3
16. «Тирас»	5	0	3	2	3—9	3
17. «Кубань»	4	1	0	3	1—9	2
18. «Кузбасс»	3	0	1	2	1—3	1
19. «Динамо» Сх	2	0	0	2	0—3	0
20. «Локомотив» Г.	3	0	0	3	0—6	0

— Ног хабар нæма фехъуыстай?..

Г. ГУЗЫ фотоэтюд.

Фыстæг Цæхæрцæстмæ

Зынаргъ Цæхæрцæст! Дæ кой дын рагæй хъусын, фæлæ дæ хæстæгмæ никуыма федтон. Дæ сæр мæ тынг æхсызгон хъæуы, æмæ нæм куы фæзынис, кæдæм, зæгъгæ, куы бафæрсай, уæд Дзуарыхъæумæ. Цæвиттон, телефонтæ нæм ис, фæлæ сæ пайда нæ кæнæм. Мæ ныхас тынгдæр хæдзарады къантор кабинеттыл цæуы. Ныр дзы æртыккаг мæй нæ кусынц телефонтæ æмæ нæ искуыдæм дзурын бахъуыд, зæгъгæ, уæд кæнæ машинæйы ацу, кæннод та, æввахсдæр телефон кæм ис, уырдыгæй адзур.

Чи зоны, Цæхæрцæст, бафæрсай, ау, ныронг уый тыххæй Алагиры районы бастдзинады хицау Бдайциаты Эльбрусæн куыннæ фехъусын кодтой, зæгъгæ. Хъусын нæ, фæлæ ма йæм къахихсыд дæр баистæм лæгъзтæ кæнынмæ, цæмæй нын истæмæй бахъуыс кæна. Æмæ куыд æнхъæл дæ. Рæсугъд ныхæстæй нын нæ зæрдæтæ бафæлмæн кæны, рæхджы, дам, уын сæ скусын кæндзыстæм. Фæлæ йæ ныхасæн хицау нæма разынд. Зынаргъ Цæхæрцæст, кæд исты дæ бон у, уæд ын мах номæй зæгъ, æмæ нын нæ сагъæс бамбара. Кæдмæ зындзинæдтæ æвзардзыстæм?

ÆФСÆРÆГАТЫ В.

«СОЦИАЛИСТИЧЕСКАЯ ОСЕТИЯ» МЫХУЫР КÆНЫ

Газеты фыццаг фарсыл — СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы æмбырды тыххæй æрмæг. Мыхуыргонд цæуы информацион хъусынгæнинаг СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы пленумы тыххæй.

Иннæ фæрстыл бакæсæн ис æрмæг СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарь Галазты Æ. Х. æмæ республикæйы Министрты Советы сæрдар Хетæгкаты С. В. фембæлды тыххæй агропромышленон комплексы кусджытимæ. Мыхуыргонд æрцыдысты СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы организацион-партион æмæ кадртимæ кусты хайады сæргълæууæг Цъæхилы - фыртимæ интервью æмæ профессор Берозты Б. П. статья.

ФУТБОЛ

БАЗОНГÆ СТЫ

«СПАРТАК» — «ТИРАС» — 3:0

Ирыстоны мингай футболуарзджытæ æмæ нæ командæ «Спартачы» спортсментæ дæр 20 апрелы онг зонгæ нæ уыдысты Молдавийы ССР-йы горæт Тирасполы футболон командæ «Тирас»-имæ. Уæвгæ командæ «Тирас»-ы агъомæ, 1961 азæй райдайгæйæ, аивта цалдæр номы. Хуындис «Пищевик», «Лучафэрул», «Энергия», «Днестр», «Звезда», «Старт», «Автомобилист» æмæ «Текстильщик». Æмæ æрмæст фарон «Тирас» номимæ йæ къухы бафтыд дыккаг къордæй фыццаг къордмæ схизын. Кæронбæттæн турниры фæуæлахиз Куйбышевы «Крылья Советов» æмæ Луцкы «Волынь»-йыл.

Ивгъуыд майрæмбоны Орджоникидзейы сæйраг стадионы хъазт райдайыны размæ спартаконтæ сæ ныхмæлæууæджы тыххæй зыдтой, чемпионаты райдайæны цы хъæзтытæ акодта, уым къорды тыхджындæр командæтæ «Нефтчи», «Геолог» æмæ «Шинник»-ы ныхмæ фидар кæй фæлæууыд æмæ æртæ очкойы кæй рамбылдта, æнцон асæттæн «æхсæр» кæй нæ уыдзæн, уыдæттæ. Спортуарзджытæ æнхъæл уыдысты, зæгъгæ, «Спартак» йæ æнæзонгæ ныхмæлæууæгимæ хъазын райдайдзæн тæрсгæйæ, йæ тыхтæ йын бæрæг кæнгæйæ, лæмæгъ бынæттæ агургæйæ.

Фæлæ афтæ нæ рауад. Хъазты райдайæнæй фæстæмæ спартаконтæ бырстой размæ, архайдтой «Тирас»-ы дуары «гуыдыртæ» æвæстиатæй фегом кæныныл. Æмæ хъазты фыццаг æмбисы рæстæгæй цыппар минуты дæр æххæстæй нæма рацыд, афтæ нæ хъахъхъæнджытæй ну — Джиоты Иналмæ уазджыты иварон фæзмæ пурти балæвæрдта Цхуырбаты Станислав, фæлæ æрыгон футболисты къухы нæ бафтыд хыгъд байгом кæныны. Рацыд æрмæст дыууæ минуты æмæ та нæ læппутæ ногæй абырстой уазджыты иварон фæзмæ. Пурти ацахста Виктор Васильев, фæлæ йæ тыхджын цæф нысаныл нæ сæмбæлд, уазджыты дуаргæс æй цыдæр мадзæлттæй аппæрста фæзæн æддемæ. Орджоникидзейаг футболисты ног тыхджын ныббырст райдыдта хъазты дыууадæсæм минутыл. Пурти иварон фæзæй уазджыты дуары 'рдæм ныццæвынмæ куыд хъавыд, афтæ нæ размæбырсæг Цхуырбаты Станиславы уазджыты хъахъхъæнджытæ фæкæлын кодтой сæ иварон фæзы. Тæрхонгæнæг нæ командæйæн радта иуæндæс метры дæрддзæгæй уазджыты дуармæ иварон цæф кыкæныны бар. Уыцы хæс нтæг хорз сæххæст кодта нæ командæйы капитан Гæззаты Юрий — дуаргæсы фæсайгæйæ, пурти сæмбæлын кодта хызыл — 1:0.

Спартаконтæ дарддæр дæр архайдтой æмзондæй, кæрæдзийæн æххуыс кæнгæйæ æмæ нысанмæ тырнгæйæ. Æмæ та ног æнтыст бафтыд сæ къухы. Фæзы галиу фæрсты размæ абырста Виктор Васильев, баввахс уазджыты иварон фæзмæ æмæ уырдæм арæхстджынæй балæвæрдта пурти. Фæлтæрдджын Валерий Корнеев ныццавта пурти йæ сæрæй æмæ йæ уазджыты дуаргæс Анатолий Чистовы иуфæрсты хызы бамидæг кодта — 2:0. Уыцы æхсызгон цау рауад хъазты 18 минутыл.

Раст зæгъын хъæуы, радон æнтысты фæстæ спартаконтæ сæ хъазт цасдæр фæсындæгдæр æмæ фæлæмæгъдæр кодтой. Æмæ уазджыты размæбырсджытæ цалдæр хатты тæссаг уавæртæ сæвæмæ йæ уый дыккаг хатт сæрæй бакъуырдта уазджыты хызмæ. Хъугъ ссис 3:0 спартаконты пайдайæн.

Гъе, афтæ базонгæ сты орджоникидзейаг футболисттæ се 'нæзонгæ уазæг Тирасполы «Тирас»-имæ.

Уыцы бон хъазыдысты фыццаг къорды командæтæ се 'ппæт дæр. Мæнæ сæ хъæзтыты бæрæггæнæнтæ: «Ростсельмаш» — «Факел» — 0:0, «Динамо» Ст. — «Локомотив» — 2:0, «Пахтакор» — «Металлург» — 2:1, «Кайрат» — «Нистру» — 1:1, «Локомотив» М. — «Нефтчи» — 2:1, «Кузбасс» — «Зенит» — 1:2, «Геолог» — «Кубань» — 3:0, «Шинник» — «Динамо» Сх. — 1:0, «Котайк» — «Таврия» — 0:0.

ГУЫБАТЫ Ч.

КОМАНДÆТЫ УАВÆР НЫРТÆККÆ

Командæтæ:	Ахаздыд:	Рамбылдта:	Æмдых:	Фæхæрд:	Пуртитæ:	Очкотæ
1. «Геолог»	4	3	1	0	6—0	7
2. «Металлург»	4	3	0	1	7—2	6
3. «Шинник»	4	2	2	0	5—1	6
4. «Динамо» Ст.	4	2	1	1	4—3	5
5. «Пахтакор»	4	2	1	1	6—5	5
6. «Нефтчи»	5	1	3	1	6—4	5
7. «Локомотив» М.	2	2	0	0	5—1	4
8. «Зенит»	4	1	2	1	3—3	4
9. «Ростсельмаш»	4	1	2	1	5—5	4
10. «Кайрат»	4	1	2	1	2—3	4
11. «Таврия»	5	0	4	1	1—2	4
12. «Котайк»	2	1	1	0	3—0	3
13. «Спартак»	2	1	1	0	4—1	3
14. «Факел»	3	1	1	1	3—2	3
15. «Нистру»	4	0	3	1	4—7	3
16. «Тирас»	5	0	3	2	3—9	3
17. «Кубань»	4	1	0	3	1—9	2
18. «Кузбасс»	3	0	1	2	1—3	1
19. «Динамо» Сх	2	0	0	2	0—3	0
20. «Локомотив» Г.	3	0	0	3	0—6	0

ЛÆГ БОНÆН ДИССАГ ХЪУСЫ

12 МЕТРЫ ДÆРГЪÆН... ЦУПАЛ

Францаг сæнæфсиртуыстгæнджытæ бæллынц Гиннессы рекордты Чинызмæ бахауынмæ, уынмæ аккаг æнтыстдзинадимæ. Æмæ сæ къухы бафтыд диссаджы сæнæфсиры цупал æрзайын кæнын, йæ дæргъ 12 метры кæмæн у, ахæм.

«ЗГЪÆРÆЙ» НÆМТТÆ

ФРГ-йы цæрæг Петрæ æмæ Вольфрам Руделтæ сæ сывæллæттыл сæвæрдтой æнахуыр нæмттæ. Се 'ппæтмæ дæр æрхауд «згъæр» нæмттæ. Дыууæ хистæр лæппуйы хуыйныцъ Молибден æмæ Ниобий, сæ хо та — Квиксильберг (джынасу). Молибден ныридæгæн арæх рахъаст кæны йæ ныййарджытæн, сыхуайы йæ йе 'мбæлттæ кæй фæмæстæймарынц, уый тыххæй. Æвæццæгæн, Руделты иннæ сабитæм дæр ахæм «амонд» æнхъæлмæ кæсы.

ÆМБАРГÆ КАССÆ — АВТОМАТ

Японы æвæрд æрцыд, дунейы мидæг æмбал кæмæн нæй, ахæм æфсæнвæндаджы билеттæ уæйгæнæг автомат. Уый æмбары адæймаджы ныхас. Бæлццон микрофоны фæзæгъы, кæдæм æй цæуын хъæуы, уый æмæ цалдæр секунды фæстæ йæ разы февзæры билет.

НЕРОНЫ ПАРИК

Филадельфийы зоопарчы цæрæг домбай Нероны буарыл цыдæр низ фæзынд æмæ уайтагъд йæ пыхцыл сæр лæгуынæй аззад. Иæ фарсмæ къалатиты цы домбайтæ уыд, уыдон ын йæ фæтевзæйæ тæрсæгау кодтой æмæ йæм знадзы цæстæй кæсын райдыдтой. Специалисттæ зоопарчы кусджытæн бауынаффæ кодтой Неронæн парик саразын. Тугдзых æй бауагъта йæ сæрыл æркæнын, æмæ та йæ йе 'мбæлттæ бауарзтой.

ФÆСАЙДЫ СТЫ... ЯПОЙНÆГТÆ

Мæнгæй нæ фæзæгъынц, мæсыг, дам, хи дурæй сæтты. Уыцы æмбисонд æрæджы æрцыд япойнæгтыл. Кор пораци «Мицубиси» æххуыс кодта Малайзийæн фыдыбæстæйаг автомашинæтæ «Протон Сага» рауадзыны хъуыддаг йæ ныхахыл сдæуын кæнынц кусты. Æмæ япойнæгтæ базардысты сайды бынаты. Газет «Бизнес таймс» куыд хъусын кæны, афтæмæй англисаг автобазарты малайзиаг продукци æддæмæ рахæцыд «Мицубиси»-йæн йæхи раугъд автомобилтыл. Кæд малайзиаг машинæтæ Англисы æрмæстдæр афæдзы размæ фæзындысты, уæддæр дзы ныридæгæн бæстæйы автофæндæттыл згъоры 10 минæй фылдæр.

ИНДИАГ ХОСГÆНДЖЫТÆ

Штаттæ Джамму æмæ Кашмиры уæлвонгдæр хохаг районты цæры знæм ладакха. Рагæй фæстæмæ дæр уый зындгонд у йæ хосгæнджытæй. Хос та кæныныц кæрдæджыты æмæ уидæтты æххуысæй. Знæм ладакхайы хосгæнджыты бирæгъусон фæлтæрддзинад æмбырдгонд у 30-томон къухфысты. Хуыздæр хосгæнæгтыл нымад цæуы, уыцы 30 томы цы рецептæ фыст ис, уыдон, къухфыстмæ не 'ркæсгæйæ, чи хъуыды кæны.

ХИАРАЗГÆ ССАРÆГГÆГТÆ

Голландиаг зындгонд археолог, дурын æнусы специалист Теек Верманингы æрцахстой йæ цæстфæлдахæн миты тыххæй. Куыд рабæрæг, афтæмæй ахуыргонд йæхæдæг араезта ссарæггæгтæ — дурын æнусы предметтæ, цæмæй сæ уый фæстæ зынаргъыл ауæй кæна этнографион музейтæн.

КУКЛАТÆ ДÆР... РÆЗЫНЦ

Саби куыд рæзы, афтæ йын йæ уæлæйы æмæ къахыдарæс кæныныц къуындæгдæр, суанг ма йын йæ уарзон кукла дæр сгыцыл вæййы. Цæмæй ног æлхæныны ма хъæуа, уый тыххæй американаг конструкторæ æрхъуыды кодтой пластмассæйæ хъазæнтæ, уыдонæн сæ бон у сабимæ рæзын, æрмæст сæ рæстæгæй-рæстæгмæ хъæуы чысыл æрдымын.

Редактор
ХЪЕСАТЫ В.

362015 — ЦИАССР.
г. Орджоникидзе.
Тбилисы уынг. 98.
«Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:
◆ Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
◆ Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
◆ Бæрнон секретарь — 5-44-37.
◆ Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.
ХАЙÆДТÆ:
◆ Партион-идеологон куыст 5-45-36, 5-35-88.
◆ Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
◆ Индустрион-экономикон — 5-45-31.
◆ Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
◆ Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
◆ Спорт, информаци — 5-35-92, 5-53-72.
◆ Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
◆ Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
◆ Тæдмацгæнæг — 5-63-19.
◆ Корректортæ — 5-67-03.
◆ Изæрон редакци — 5-35-71.
◆ Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз 250 хатты, къуырыма — фондз хатты.
Индекс — 53901.
1

ЕИ 01892.
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ № 229.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи.
362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.